ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№32-33 (23.191) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 25, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщIэтынымкIэ и комиссэмрэ КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщIэтынымкIэ и комиссэмрэ КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ терроризмэм и шынагъуэ къэмыгъэхъунымкIэ, щIыхухэм лей къатемыгъэхьэнымкIэ, республикэм и щIыналъэм законымрэ жылагъуэ хабзэмрэ щыхъумэнымкIэ зэфIэгъэкIын хуей Iэуху хэхахэм.

ХАБЗЭХЪУМЭ органхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм хуагъэуващ щIалэгъуалэр хабзэншагъэхэм ящыхъумэным хуэунэтIа профилактикэ лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну. Экстремизмэм и идеологием пэщIэтыным хуэгъэзауэ информацэм и Iэмалхэр къыззщIэгъэуIуэнымкIэ къалэнхэр яубзыхуащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор Глущенкэ Владимир, КъБР-м и прокурор Жариков Олег сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр Агузаров Тамерлан щыщIалъхьэм хэтащ

КIуэкIуэ Юрий зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэр дыгъуасэ хэтащ 2016 гъэм мазаем и 19-м дунейм ехыжа Агузаров Тамерлан щыщIалъхьэм.

ОСЕТИЕ Ищхьэрэ-Алание Республикэм и унафэщIым Iуплъэжыну кIуахэм яхэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов Сергей, УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и IэхъуэхэмкIэ и министр Кузнецов Лев, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советымрэ Къэрал Думэмрэ я лIыкIуэхэр, округым хыхьэ щыналъэ псоми я унафэщIхэр.

ЦIыху мин куэд зыхэта щыгъуэ пэкIум иужькIэ дунейм екIужар щыщIалъхьащ Владикавказ и ЩIыхь аллеем.

КIуэкIуэ Юрий, ар зи пашэ делегацэм хэтхэр Агузаров Тамерлан Ким и къуэм и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуэгугъэващ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ, си лэжьэгъухэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Зэрыщыту къэралми хуэдэу, ди республикэми иджыпсту кIыльыкъуокI гугъуехьыщIэхэмрэ гъэунэхуныгъэхэмрэ. Ахэр кIыхьзэгъэзэкIыфым елъытауэ щытынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы щыпсэу дэтхэнэ зы цIыхуми я къэкIуэнур.

Къэралым и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам зэрыщыжиIащи, «... Къыптэщыт къалэнхэр зыгъэзэщIэфынур дэ ди закъуэщ икIи абыхэм дызэщIыгъуу делэжьымэщ».

Дызэкъуэувэмэ, гугъуехьхэм я куэдыкIэм зыдыхуэупльэ мурадхэм я инагъымрэ нэгъэсауэ кIыдгурыIуэмэ, шэч хэмылъу, сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэри кIыхьэдэнэкIыфынущ. Ди тхыдэм апхуэдэу кIыхьэрыщIхъуар зэкъым икIи тIэукъым. Апхуэдэу дяпэкIи щытынущ.

БЖЫГЪЭХЭМРЭ IУЭХУХЭМРЭ

А псоми я щIыхьэтщ ди республикэми зэрыщыту къэралми я дежкIэ мытынщу екIуэкIа 2015 гъэм дэ псоми дызэщIыгъуу едгъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэр. Ауэ апхуэдэ гугъуехьхэм щхьэкIэ къэмынэу, дэ тхузэфIэкIащ зыужьныныгъэм хуэунэтIа гъэзэгр тхъумэн.

Илъэсым кърикIуахэм я лъэныкъуэкIэ зи экономикэм хэхъуэ иIэу кIыхьэтеи щIыналъэу къэралым щыIэ зыбжанэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр.

Къапщтэмэ, 2015 гъэм валовэ щIыналъэ продуктыр сом меларди 132-рэ, е 2014 гъэм елъытауэ процентти 103,3-рэ, хьуурэ къабжащ. Промышленностым къыщигъэкI продукцэмкIэ и зэфIэкIыр процентти 105-м нэсащ. ЗекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ къапщтэмэ, мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр сом меларди 38,7-рэ, е процентти 104,4-рэ мэхъу. Ухуэныгъэм и Iэнатlэм лэжьыгъэу сом меларди 11,9-рэ, е нэгъабэ елъытауэ проценти 108,2-рэ, щрагъэжьэкIащ. ПсэупIэ унэу метр зэбгуэзэнатIэ мин 375-м щигъу, 2014 гъэм елъытауэ процент 14,2-кIэ нэхъыбэ, хьэзыр ящIащ. ЗэкIыпIэ псоми я хьэкъкIэ капитал нэхьыщхьэм хэлъхьа инвестицэхэр сом меларди 31-рэ, е абы ящэ ита гъэм елъытауэ проценти 121,5-рэ, мэхъу.

Бюджетым и Iэнатlэ псоми налогыу, налогхэм химыубыдэ ахьшэу, фIэкIыпIэ имыIэу ят нэгъуэщI ахьшэу сом меларди 15,4-рэ къаIэрыхьащ, ар 2014 гъэм елъытауэ процент 23,5-кIэ нэхъыбэщ.

Социальнэ Iэнатlэм ехъулIэныгъэ нэрылъагъуэр щыIэщ узынщагъэр хуэмэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я Iэнатlэхэр къэгъэщIэрэщIэжьымкIэ программэхэр гъэзэщIэным пыщIауэ. Иджыпсту щыIэ щытыкIэр мытыншми, зэрыщыту къапщтэмэ, бюджетым и ахъшэкIэ къыззрагъэпэщ Iэнатlэхэм щылажьэхэм я улахуэр хэлъэтыным хуэгъэза къалэнхэр гъэзэщIа мэхъу. Сабий садхэр зэпэубыдауэ зэрекIуэкIыр къыздэжькIыу хуежьащ. Апхуэдэу бын куэд, зиIэ унагъуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий зеиншэхэм защIэгъэкъуэным хиубыдэу куэд зэфIэдгъэкIащ. СпортымкIэ, щэнхабзэмкIэ, цIыхухэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыныкIэ инфраструктурэм зегъэужьыныкIэ зыхуэфащэ Iуэху пыухыкIахэр ягъэзэщIащ. ЗэкIэлъыкIуэу ирагъэкIуэкIащ жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытынныгъэр, шыгъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, цIыхубэр зэкъуэгъэувэным хуэгъэза Iуэхущ.

Зэрыгурыуэгъуэщи, дызыхунэмыса Iуэхущхэр мащIэкъым, ауэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми, напIэзыпIэм зытхуемыгъэхъуэжми, дэтхэнэми хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ иокIыкI. Апхуэдэ лэжьыгъэм зэрыхэтым папщIэ сэ мы пэшым иджыпсту щIэсхэм ящыщ дэтхэнэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми фIыщIэ яхуэощI.

Хэхауэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ къэралым и унафэщIхэм, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов Сергей Алим и къуэм, ар зи унафэщI Iуэхущ Iанэм и аппаратым и лэжьакIуэхэм, республикэм и псэукIэр зэлъыта дэтхэнэ Iэнатlэми къыщытпэщыт къалэнхэр гъэзэщIэныжьмкIэ къыззрыддэIэпыкъум папщIэ.

Дызэрыт гъэмрэ дызыхуэкIуэ илъэс гъунэгъуэхэмрэ гъэунэхуныгъэшхуэхэм я зэманэ щыгъунущ. Иджыпсту Iуэхур зэрекIуэкIым къегъэлъагъуэ ди мурадхэм къытедгъэзэжу дыхэплъэжьын, къэкIуэну зэманым тещIыхьа планхэм зэхуэхIыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ кIыхьлIыхь зытщI хъунукъым. Дэ ди къалэнщ зэкIэлъымыкIуагъэ пыухыкIахэр къэдмыгъэхъун папщIэ зэфIэдгъэкIыпхъэ псори зэманым дыубзыхуну.

Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм и Правительствэм лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI. Дэ дыхоплъэж дызэрыт илъэсым республикэм и бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэм. Къалэн мытынщ, ауэ къалэн пыухыкIащ социальнэ мурад псори нэгъэсауэ зэфIэгъэкIынныр.

Зэманым къегъэлъагъуэ кризисым и лъэхъэнэм экономикэм зегъэужьыныкIэ политикэм зегъэхъуэжьын зэрыхуейр. Иджыпсту дэIэпыкъунигъэ нэхъ зыгъуэтынуэр экономикэм зегъэужьынымрэ цIыхуэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ я лъэныкъуэкIэ, къапщтэмэ, индустриальнэ, транспорт, энергетикэ, социальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэныкIэ, хьэрычэт Iэнатlэ мыинымрэ курытымрэ къэIэтыныкIэ нэхъыбэ зэфIэзыгъэкI Iэнатlэхэрщ.

Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам Путин В. В. къыщыхигъэщхьэхукIащ щIэупщIэшхуэ зиIэ продукцэ къыщIэзыгъкI Iуэхущ Iапlэхэр къыззэгъэпэщын, нэгъуэщI къэралхэм къыщащхуэ продукцэм пэувын гъэхьэзырынымкIэ, технологиер къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ программэхэр гъэзэщIэн зэрыхуейр.

Апхуэдэ къалэнхэр гъэзэщIэным езэгъын лъабжьэ пыухыкIахэр ди деж щыIэщ. Республикэм къыщыщIагъэкI хамэ къэралхэм къыщащхуэ пэхьн продукцэу Iэнатlэхэм я федеральнэ планхэм хагъэхьахэм ящыщ зыбжанэ. Апхуэдэщ хущхъуэхэр, алмаз Iэмэпсымэхэр, рентген аппаратхэр, кабель зэмылIэужьыгъуэхэр, вольт лъагэм ирилажьэ Iэмэпсымэхэр, газ зэмылIэужьыгъуэхэр къызриху бжьамийхэр, нэгъуэщIхэри. Урысейм и экспорт центрым ягъэхьащ республикэм и Iэнатlэхэу нэгъуэщI къэралхэм зи продукцэр щызащэхэм защIэгъэкъуэным теухуа заявкэхэр.

Газпром, Норникель, Ростех, Роснефть, РЖД, Росгеологие зэгухьэныгъэхэр зыхуэныкъуэ продукцэ лIэужьыгъуэхэр яхуегъэшэнымкIэ Iуэху пыухыкIахэр къыхахьащ. Абыхэм республикэм и предприятэхэм нобэ щыщIэдзауэ ягъэхьэзырыфыну е зэман гъунэгъум щIадзэу къыщIагъэкIыфыну товар лIэужьыгъуэу, оборудованэу 20-м щIигу хеубыдэ.

Ауэ дэ ди лэжьыгъэр къыщызэдгъэпэщкIэ къэтлъытэн хуейщ Промышленностым зыщIэгъэкъуэнымкIэ Урысей фондым иджыпсту ахъшэр къызэремэщIэкIыр. Апхуэдэу а ахъшэр дэтхэнэ зыми зэрырамытынури гурыIуэгъуэщ. Абы къыхэкIыу Правительствэр, зыхуэфащэ министерствэр зэпымыууэ Iуэхум и щытыкIэм кIэлъыплъын, нэгъуэщI къэралхэм къыщащхуэм пэхьн продукцэ къыщIэгъэкIынымкIэ планхэр игъэтэмэным икIи сэбэпынагъ пылъу зыхуэфащэ федеральнэ ведомствэхэм ядэлэжьэн хуейщ.

Сыт хуэдэ щытыкIэ зэтеувэми, дэ ди къалэнщ промышленнэ комплексым и зэхэлъыкIэр гъэтэмэным адэкIи делэжьыну икIи щIэныгъэр, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ, фейдэхуэ хэзыхьэжь, иннобацэ лэжьыгъэр щIэзыгъэхуабжьэ Iэнатlэхэр нэхъыбэ тщIыну.

Иджыпсту промышленность псынщIэм зегъэужьыныкIэ хэкIыпIэ хъарзынэхэр зэтоувэ. Абы къыхэкIыу предприятэ инхэр, Iуэхущапlэ мыину псом япэу цIыхуэхэр лэжьапlэкIэ къыззыгъэпэщынхэр къуажэхэм къыщызэIуахынымкIэ Iэмалхэр зэтегъэувэн хуейщ.

Мы Iэнатlэм къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ инвесторхэр къешэлIэныгъэ производствэм зегъэужьыныкIэ езыхэм я ахъшэу нэхъыбэ къэгъэсэбэпынымрэ. Ди промышленностым бгъэдэль зэфIэкIхэр цIыкIукъым икIи инвестицэхэр я лъабжьэу ахэр къэгъэсэбэпыныр Iуэху нэхъыщхьэ дыдэщ.

(КIэлъыкIуэр 2-нэ нап.).

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

МАЗАЕМ и 23-м дэ догъэлъапIэ урысей дзэм и хабзэ гъуэзэджэхэр, Хэку зауэшхуэм-рэ Iэщакlэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ я ветеранхэу къэралым и тхыдэм и лIыхъужьыгъэ напэкIуэцIхэр къызэзыгъэпэщахэмрэ. ЩхьэмыгъэзэУ нобэ Хэкум къулыкъу зэрызыщIэхэр икIи абы и сэбэп зыхэлъхэм, мамырыгъэм, цIыхуэм я шынагъуэншагъэм и хъумакIуэхэр догъэлъапIэ.

Дэ ди къалэн лъапIэщ ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я лIыхъужьыгъэр дигу идгъэлъыну, дзэ хабзэ гъуэзэджэхэр хъумэнымрэ ахэр гъэбэгъуэнымкIэ, Хэкум и патриот нэсу щIалэгъуалэр гъэсэнымкIэ тхуэзэфIэкI длэжьыну.

Дзэ къулыкъущIэ псоми си гуапэу сохъуэхъу махуэшхуэмкIэ - Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ. Узыншагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ фиIэну!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Шэджэм районым хиубыдэ «Осинэ» дачэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэм псэущхьэм хьэщхьэрыIуэ уз иужьрей дыдэу къызэрыщеуалIэрэ махуэ 60 зэрыдэкIам икIи а щIыпIэм зыхуэфащэ профилактикэ лэжьыгъэр зэрыраГъэкIуэкIам къыхэкIыу къару имыIэжу къэлъытэн «Шэджэм районым хиубыдэ «Осинэ» дачэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъуэувыным и Iуэхукlэ» 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа унафэ №173-РГ-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мазаем и 24-м
№11-РГ

Удз гъэгъахэр тралъхьэ

Сурэтыр **Сенич Михаил** *трихащ.*

Мазаем и 23-м «ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхым» деж Хэкум и хъумакIуэм и махуэм теухуа пэкIу щекIуэкIащ.

КЪЫЗЗХУЭСАХЭР дакъикъкIэ яхуэщIыгъуащ Хэку зауэшхуэм хэкIуадэхэм. ИужькIэ удз гъэгъахэр тралъхьащ абыхэм я фэеплъым.

ПэкIум кърихьэлIат КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, Налшык къалэ администрацэм, республикэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъэхэм я лIыкIуэхэр, районхэм кIыкIахэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, щIалэгъуалэр.

Пщыхьэщхьэм Налшык хьэрэкIытIэхэр щагъэуащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Бэрбэч ХьэтIутIэ и фэеплъ мыкIуэдыж

Нобэ, мазаем и 25-м, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Iэтауэ щагъэлъапIэ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и къызэгъэпэщакIуэ, абы и ныбжьыр 100 ирикъунут.

Университетым и егъэджакIуэхэр, студентхэр, хьэщIэ лъапIэ куэд къызрихьэлIэ зэхьэхьэшхуэм шэджагъуэм щIидзэнущ. Абы къыщызэIуахынущ Бэрбэч ХьэтIутIэ и фэеплъ. Тхыдэмрэ филологиемкIэ институтым щылэжьэнущ ящ ректорым гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ къызыхэщыж гъэльэгъуэныгъэ купщIафIэ. ИужькIэ еджапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкIынущ Бэрбэч ХьэтIутIэ и щIыхькIэ зэхашэ щIэныгъэ зэхуэсин.

Бэрбэч ХьэтIутIэ и фэеплъ махуэшхуэм хуэгъэпса концерт къыщыззрагъэпэщ Сокуров Александр и творческэ мастерскоим. Абы хэтынущ республикэм и артист цIэрыIуэхэр, КъБКъУ-м и творческэ гупэр, еджакIуэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

НОБЭ

♦Кувейтым и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къэрал щхьэхуэ щыхъуа махуэр (1961 гъэ) егъэлъапIэ

♦1836 гъэм США-м щыяпэу Колыт Сэмюэл кIэрахъуэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патент къратащ.

♦1946 гъэм Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэу зэрахъуэкIащ.

♦1956 гъэм Хрущёв Никитэ КПСС-м и XX съездым и зэIущIэ зэхуэщIам къыщыпсэлъащ Сталин Иосиф иригъэкIуэкIа политикэмкIэ зэрымыарэзыр къигъэлъагъуэу, ар щIэпхъаджагъэ пыухыкIахэмкIэ игъэкъуанщэу.

♦1977 гъэм Москва и мызакъуэу, Европэм щынэхъ ин дыдэу къалъытэу щыта «Россия» хьэщIэщым мафIэсышхуэ дыдэ къыщыхъуащ. Абы цIыху 43-рэ хэкIуэдащ.

♦Актёр, СССР-м и цIыхубэ артист Санаев Всеволод къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и ректор щыта **Бэрбэч ХьэтIутIэ** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Джэмалдин** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Инджыкlызым щыщ рокмузыкант, «Битлз» гуп цIэрыIуэм хэта **Харрисон Джордж** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу лэжьа, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щыхь зиIэ и юрист **Ажахъуэ Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъылыр былымщ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2016 гъэм мазаем и 25-м екIуэкIынущ

ЗэIущIэр къыщызэIуахынур сыхьэти 10-рщ

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iанэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

МЭКЪУМЭШ ХОЗЯЙСТВЭ

Къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхэсым Зэрызыхуиг ъэзам кьалэну кьыщІэкІуэну ІэшІам ирихьэлІэу къэрал кІуэцІ рынокыр ерыскьыпхъэхэмкІэ ирикъуу кьыз эгъэпэщыныр.

Мэкъумэш Іэнатіэм хухах ахьшэр гъэ къэ нэхъыбэ яцІ икІи 2015 гъэри апхуэдэу щытащ. Республикэ бюджетымрэ федеральнэ бюджетымрэ я ахьшэу мэкъумэшыщІэхэм сом меларди 2-м нэблагъэ хухахащ, 2014 гъэм елытатуэ ар процент 18,4-кІэ нэхъыбэщ. Финансхэр зэпэбыдауэ щыт пэтми, хозяйствэм и Іэнатіэ посоми защІэрэкъуэнымкІэ къэралым зэфІигъэкІын хуейкэр 2016 гъэм и бюджетми кьыщалъытащ. Мы Іэнатіэм щыІэ зэкІыпІэ псори нэгъэсауэ къэдгъэсэбэпын хуейщ нэгъэущІ къэралхэм кьраш гъэшым пэувын продукцэ кьыщІэзэкІынымкІи, нэгъэущІ къэралхэм ирагъашэ продукцэм зэгъэхъуэнымкІи программэхэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ.

Ди республикэм и щІыналъэр нартыхуэ гъэкІынымк, хадэзэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэ, жьзум кьехьалІэным, а продукцэ лІэужьыгъуэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ щІыным хуэщІащ икІи абы и лъэныкъуэкІэ ефІэкІынымкІэ нэрылъагъуэр иІэщ. Ди щІыналъэм и зэхэлъыкІэмрэ абы и климатымрэ Іэмал псори кьыз эрагъэпщІ Іэщыр, мэлхэр гъэхъуным зегъэубгъуынымкІэ.

НэгъэущІ къэралхэм кьрашм пэувын продукцэ лІэужьыгъуэу, пыухыкІауэ кьапщтэмэ, хадэхэкІэ, пхъэщхьэмыщхьэу, нартыхуу, джэдкъазылу, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэзэкІхэмрэ кьахэщІыкІа консерву нобэм ирихьэлІэу къалэжьыр ди республикэм нэгъэсауэ хуроокъу икІи ар нэгъэущІ щІыналъэхэми ирагъашэу щІадзащ.

2020 гъэм ирихьэлІэу нэгъэущІ щІыналъэхэм пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 300-м щІигъу, хадэзэкІыу тонн мин 350-м нэблагъэ щащІнущ, а продукцэ лІэужьыгъуэхэм яящыщ нэгъэущІ къэралхэм кьрашым пхъэщхьэмыщхьэкІэ процент 4,5-кІэ, хадэзэкІхэмкІэ процент 11,9-кІэ ди республикэм и фІыгъэкІэ яГэмэщІафынущ. Абыхэм хадэкІуэу дэ Іэмал псори диІэщ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэзэкІхэмрэ иджыпсту ильэс къэс кьыхащІыкІ условнэ банкІ мелуан 220-р зэман гъунэгъум кьриубыдэу мелуан 350-м нэдгъэсын папщІэ.

Дэ ди кьалэнэщ жэрдэм зыхэлъ цІыхуу кьуажэкэм фейдэ пІылъу щІалажьхэм зэман кІыхьым тещІыхьауэ зэхалъхьа планхэр сыт и лъэныкъуэкІи ядэтІысыну, мэкъумэш Іэнатіэм хуаутІыпщ ахьшэхуэр тэмэму гъэлэ жьэныр кьызэдгъэпэщыну. Мы Іэнатіэм дэ Іэпыкъунытъэшхуэ ират пэтми, и зэфІэкІкІэ зэрызэщхьэщІыкІыхуэу щІымыІэ мэкъумэш предприятэхэм я лэжьэкІэр ефІэлеяуэ щызэщхьэщыкІ кьызэрыхьуэр щІэдбэщІын щІэжъкъым. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм яящыщ агропромышленнэ комплексым зыщІэгъэкъуэнымкІэ программэхэм якъ иткІэ къаутІыпщ къэрал ахьшэр кьызэрагъэсэбэпым тКІийуэ зэрыкІэлъымыплъыр, а Іуэхур зэрекІуэкІыр зэрызэпхъарамкъым.

Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэр Іэнатіэм халъхьа дэтхэнэ зы сомри, Іэмал зэриІэкІэ, нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпыныр кьызэдгъэпэщыныр, Іуэху куэд кьытпощІыту мэкъумэш щІалІэу щыт щІыкъэр кьызэрагъэсэбэп щІыкІэр гъэтэмэным и лъэныкъуэкІэ. Зэкіэ дэ тхузэфІэкІакъым щІы Іуэхуэр дгъэтэмэным икІи абы мыарзэныгъэ пыухыкІауэр кьешэ. КъэкІуэну зэманым тещІыхьауэ кьапщтэмэ, зэрыгурыІуэгъуэщ, дэ дгъэбелджылын хуейщ щІыр къэгъэсэбэпынымкІэ дызытетыпхъэ гъэгъур. Ауэ абы ялэ кьыхуэу, Правительствэм и комиссэ хэхапи щІэгъэкъуэн къэштІу, едгъэфІэкІуалъхьэщ щІым фейдэ нэхъыбэ кьыпыхыни, социальнэ захуагъэри кьызэзэгъэпэщыну бэджэнд зэхуэщыткІэхэм я хабзэхэр.

Къэралым и Президентым кьыхилъхьащ мэкъумэшыщІэхэм яящыщ щІыр зыхуэхаха мурадым тету къэзымыгъэсэбэпхэм кьыІалъхэжу а щІыр тэмэму зезыхьэну зи мурадхэм иратыну. ВалІэжьу кьызэрыдэмыщІэкІыр кьэпльытэмэ, къэралым и Іэтащхьэм кьыхилъхьа а Іуэхум ди республикэм и дежкІэ мыхьэнэ хэха иІэщ. А кьалэныр гъэзэщІынымкІэ иджыпсту щыщІэдзауэ егупуу зыхуагъэхъэзырыр хуейщ Правительствэм, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм.

ТРАНСПОРТ

Дызыхуэкіуэ зэманым транспорт комплексым зыужьыныгъэщІэ игъуэтынущ. Дэ тхузэфІэкІащ жылагъуэ транспортым щыщ Іыхьэшхуэ къэдгъэщІэрэщІэжьын. Иджыпрей атобусщІэу 26-рэ маршэуртхэм тедгъэващ. Республикэм и ахьшэ хэлъу мы гъэм аргуэру автобуси 109-рэ къэтщІэхунущ. Мы мазэм къэсыну дызыпэплъэ апхуэдэ автобус 25-м ящыщу дыгъуасэ 7-р кьыІэрыхьащ.

Пассажирхэр кьызэрыщІэхьащ щІыкІэр ЗэтэмэмыІ хуэгъэзащ лэжьыгъэшхуэ ирагъжьащ. Мылькъуншэу кьэна «Налшык Автобус-Транс» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и пІэкІэ Правительствэм и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ «Къэббалъкъавотранс-1438» къэрал предприятэ зэгуэтыр. А Іуэхущ Іапэщ Іэм псори зэхэту цІыху 460-рэ щІлажьэнущи, нобэм ирихьэлІэу абыхэм яящыщу цІыху 194-р кьыдагащ.

Банкрот хъуа «Налшык Автобус-Транс» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и мылькум хиубыдэ автобус 54-ри псори зэхэту мазэм сом мин 54-кІэ бэджэнду яту икІи абыхэм фейдэуэ зыри кьыпамыкІыу щытамэ, мы гъэм зы мазэ иримыкьупэм кьриубыдэу маршрутэ 2-м трагъуэва автобусыщІэ 19-м сом зы мелуанрэ мин 424-рэ кьалэжьащ. Абы къегъэпэлъгъуэ Іэнатіэм и зэхэлъыкІэр зэрызэрахъуэкІам сэбэпынагъэшхуэ зэриІэнр. Апхуэдэу щыщыткІэ а Іуэхум адэкІи ерыщу делажьынущ.

Дызыхуэкіуэ илъэс гъунэгъуэкъм кьриубыдэу дз автовокзалхэм и лэжьыкІэри дгъэтэмэмыну кьыптпощІыту. 2016 гъэм Налшык и дыхьэпІэкъэм хуэзэу щащІ автовокзалитІыр хьэзыр хъуэн хуейщ, абы и фІыщІкІэ махуэ кьэкІа кІуэцІым мыкІуэу а вокзалхэм автобус мини 2,5-м щІигъу кьыщцІэтеувЫэнущ икІи кьалэм и гъэгурэм нэхъ тыншу щІэзекІуэмкІэ ар сэбэп хъунущ.

ГЪУЭГУХЭР, ГЪУЭГУМ ШЫНАГЪУЭНШЭУ ЩЫЗЕКІУЭН

Къэкіуэну илъэс гъунэгъуэм кьалэн нэхъыщхь дыдэхэм яящыщу щытын хуейщ гъэгурэгъэ ефІэкІэкІуэнымкІэ. Гъэгурэгъэм кьатальнэ ахъшэшхуэ хухах. Ауэ гъэгурэгъэ щІым емыгугъумэ, ахъшэр псыхэкІуэдэ хъуэ аращ. Дэ диІэщ зэрызэрагъэпэщыжрэ ильэсищ-плІы нэхъыбэ дэмыкІа, ауэ кьыщІэздзэжу аргуэру зэлэжьын хуей гъэгурэгъэр. Апхуэдэ къэбгъэхъуну Іэмал иІэкъым.

Гъэгурэгъэ щІыным адэкІи зегъэубгъун, федеральнэ автомобиль гъэгурэгъэ зэрызэрахъэрэ ефІэфІэкІуэн, псоми кьагъэсэбэп щІыналъэ, муниципальнэ гъэгурэгу зыхуэфащэ материалхэмкІэ кьыщІыкІэхэм хэгъэхъуэн хуейщ, Апхуэдэу жылагъуэ кІуэцІхэмрэ хьэблэхэмрэ щыІэ гъэгурэгъэ зыхуей хэгъэзэным ди кьарър етхьэлІэн хуейщ.

ЦІыхухэм я щынагъуэнщагъэм и гугъу умыщІми, гъэгурэгъэм я щытыкІэр дэтхэнэ щІыналъэмк фэ зэрыраплъым зэрыхиубыдэр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Гъэгурэгъэм я щытыкІэм кьыгурэкІІэ имыІуу пыщІащ экономикэми социальнэ Іэнатіэмэ я зыужьыкІэр. Абы кьыхэкІыу иджыпрей зэманым къезгъэ гъэгурэгъэр уху нэхъ, ахэр тэмэму зыхуей псомкІи кьызэргъэпщынагъэ, а продукцэ лІэужьыгъуэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ щІыным хуэщІащ икІи абы и лъэныкъуэкІэ ефІэкІынымкІэ нэрылъагъуэр иІэщ. Ди щІыналъэм и зэхэлъыкІэмрэ абы климатымрэ Іэмал псори кьыізэрагъэпщ Іэщыр, мэлхэр гъэхъуным зегъэубгъуынымкІэ.

НэгъэущІ къэралхэм кьрашм пэувын продукцэ лІэужьыгъуэу, пыухыкІауэ кьапщтэмэ, хадэхэкІэ, пхъэщхьэмыщхьэу, нартыхуу, джэдкъазылу, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэзэкІхэмрэ кьахэщІыкІа консерву нобэм ирихьэлІэу къалэжьыр ди республикэм нэгъэсауэ хуроокъу икІи ар нэгъэущІ щІыналъэхэми ирагъашэу щІадзащ.

2020 гъэм ирихьэлІэу нэгъэущІ щІыналъэхэм пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 300-м щІигъу, хадэзэкІыу тонн мин 350-м нэблагъэ щащІнущ, а продукцэ лІэужьыгъуэхэм яящыщ нэгъэущІ къэралхэм кьрашым пхъэщхьэмыщхьэкІэ процент 11,9-кІэ ди республикэм и фІыгъэкІэ яГэмэщІафынущ. Абыхэм хадэкІуэу дэ Іэмал псори диІэщ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэзэкІхэмрэ иджыпсту ильэс къэс кьыхащІыкІ условнэ банкІ мелуан 220-р зэман гъунэгъум кьриубыдэу мелуан 350-м нэдгъэсын папщІэ.

Дэ ди кьалэнэщ жэрдэм зыхэлъ цІыхуу кьуажэкэм фейдэ пІылъу щІалажьхэм зэман кІыхьым тещІыхьауэ зэхалъхьа планхэр сыт и лъэныкъуэкІи ядэтІысыну, мэкъумэш Іэнатіэм хуаутІыпщ ахьшэхуэр тэмэму гъэлэжьэнэ щІыным кьызэдгъэпэщыну. Мы Іэнатіэм дэ Іэпыкъунытъэшхуэ ират пэтми, и зэфІэкІкІэ зэрызэщхьэщІыкІыхуэу щІымыІэ мэкъумэш предприятэхэм я лэжьэкІэр ефІэлеяуэ щызэщхьэщыкІ кьызэрыхьуэр щІэдбэщІын щІэжъкъым. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм яящыщ агропромышленнэ комплексым зыщІэгъэкъуэнымкІэ программэхэм якъ иткІэ къаутІыпщ къэрал ахьшэр кьызэрагъэсэбэпым тКІийуэ зэрыкІэлъымыплъыр, а Іуэхур зэрекІуэкІыр зэрызэпхъарамкъым.

Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэр Іэнатіэм халъхьа дэтхэнэ зы сомри, Іэмал зэриІэкІэ, нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпыныр кьызэдгъэпэщыныр, Іуэху куэд кьытпощІыту мэкъумэш щІалІэу щыт щІыкъэр зыхуэхаха мурадым тету къэзымыгъэсэбэпхэм кьыІалъхэжу а щІыр тэмэму зезыхьэну зи мурадхэм иратыну. ВалІэжьу кьызэрыдэмыщІэкІыр кьэпльытэмэ, къэралым и Іэтащхьэм кьыхилъхьа а Іуэхум ди республикэм и дежкІэ мыхьэнэ хэха иІэщ. А кьалэныр гъэзэщІынымкІэ иджыпсту щыщІэдзауэ егупуу зыхуагъэхъэзырыр хуейщ Правительствэм, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм.

ТРАНСПОРТ

Дызыхуэкіуэ зэманым транспорт комплексым зыужьыныгъэщІэ игъуэтынущ. Дэ тхузэфІэкІащ жылагъуэ транспортым щыщ Іыхьэшхуэ къэдгъэщІэрэщІэжьын. Иджыпрей атобусщІэу 26-рэ маршэуртхэм тедгъэващ. Республикэм и ахьшэ хэлъу мы гъэм аргуэру автобуси 109-рэ къэтщІэхунущ. Мы мазэм къэсыну дызыпэплъэ апхуэдэ автобус 25-м ящыщу дыгъуасэ 7-р кьыІэрыхьащ.

Пассажирхэр кьызэрыщІэхьащ щІыкІэр ЗэтэмэмыІ хуэгъэзащ лэжьыгъэшхуэ ирагъжьащ. Мылькъуншэу кьэна «Налшык Автобус-Транс» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и пІэкІэ Правительствэм и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ «Къэббалъкъавотранс-1438» къэрал предприятэ зэгуэтыр. А Іуэхущ Іапэщ Іэм псори зэхэту цІыху 460-рэ щІлажьэнущи, нобэм ирихьэлІэу абыхэм яящыщу цІыху 194-р кьыдагащ.

Банкрот хъуа «Налшык Автобус-Транс» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и мылькум хиубыдэ автобус 54-ри псори зэхэту мазэм сом мин 54-кІэ бэджэнду яту икІи абыхэм фейдэуэ зыри кьыпамыкІыу щытамэ, мы гъэм зы мазэ иримыкьупэм кьриубыдэу маршрутэ 2-м трагъуэва автобусыщІэ 19-м сом зы мелуанрэ мин 424-рэ кьалэжьащ. Абы къегъэпэлъгъуэ Іэнатіэм и зэхэлъыкІэр зэрызэрахъуэкІам сэбэпынагъэшхуэ зэриІэнр. Апхуэдэу щыщыткІэ а Іуэхум адэкІи ерыщу делажьынущ.

Дызыхуэкіуэ илъэс гъунэгъуэкъм кьриубыдэу дз автовокзалхэм и лэжьыкІэри дгъэтэмэмыну кьыптпощІыту. 2016 гъэм Налшык и дыхьэпІэкъэм хуэзэу щащІ автовокзалитІыр хьэзыр хъуэн хуейщ, абы и фІыщІкІэ махуэ кьэкІа кІуэцІым мыкІуэу а вокзалхэм автобус мини 2,5-м щІигъу кьыщцІэтеувЫэнущ икІи кьалэм и гъэгурэм нэхъ тыншу щІэзекІуэмкІэ ар сэбэп хъунущ.

СОЦИАЛНЭ УХУЭНЫГЪЭХЭР НЭГЪЭСЫЖЬИ

Нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуэм яящыщ республикэм и Перинатальнэ центрыр лажьэу утыпщынкІи. Абы кьыздэкІуэу Театрэм я Іуэхуэным, Балькъэр театрыр егъэфІэкІуэным пащэм, школхэмрэ сабий садхэмрэ, сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, щэнхабзэмкІэ унэхэр, кьуажэ клубхэр, спорт Іэхущ Іапіэхэр яящыщ, зэрагъэпэщыжьын хуейщ. А псомкІи жэуап хэха яхь Правительствэм, Ухуэныгъэм рэ псэупІэ-комфортнэ хозяйствэмкІэ министерствэм, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм.

Мы гъэм Налшык кьалэм и кьалэуэхэм нормативэ документацэр законодательствэм ирагъэзэгъыжьыну, псом япэу Налшык кьалэм, республикэм и адрей муниципальнэ щІыналъэхэм я жылагъуэхэм я генеральнэ планхэр кьащтэну, щІыр къэгъэсэбэпыныр рэ ухуэныгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ кьащтауэ щыта хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну кьапэщытащ. Иджыпсту щыщІэдзауэ ежьэгъегъэувыІэн хуейщ зэрекІуэлІэну гъэгурэгъэр, лъэс зекІуэлІэкІэр, сабий джагулІэхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, автомобиль гъэувыпІэхэр, адрей зыхуэфащэ инфраструктурэр зэдэщымыІэ щІыпІэхэм псэупІэхэр щахуэхъунымкІэ хуит зэрращІ тхьылъхэр тыныр.

Апхуэдэу гулъытэншэу кьэдгъанэ зыгъэнкъым зекІуэлІэкІэр зэхуэзыщІ, архитектурэ теплъэр зэІызыгъэхъэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, цІыхухэм я нэхъыбапІэм зэран яхуэхъуэнымкІэ, псэупІэ уэрэным щхьэзыфІэфІу зэрыгъащІыхьыр. Ардыдэр хужьпІэ уэрэным зи купщІакІи зи теплъэкІи кьемызэгъ рекламэм. А псоми дызэрыт илъэсым кьриубыдэу унафэ пыухыкІа тращІыхьпхъэщ кьалэ округхэмрэ жылагъуэхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

ПСЭУПІЭ-КОММУНАЛЬНЭ ХОЗЯЙСТВЭ

Ипэхэми хуэдэу, тхьэусыхафэ куэд щыІэщ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм хэгъэзэхуэ. ПсэупІэхэр зезыхьэ компаниехэм кьабгъэдэхуэ кьалэнхэр хьэлэлу зэрамыгъэзащІэм кьыдэкІуэу мы Іэнатіэм щыІэ мыхъумыщІагъэхэм я щхьэусыгъуэхэм ящыщыр мылъкум и техническэ щытыкІэри зэрызэкІэлъымыкІуэр.

ЛІсы зрикІуэ бжьамийхэм ящыщ Іыхьэ гъэрхэр кьагъэщІэрэщІажами, абыхэм я процент 56-р жьы дыдэщ. Псы кьэщІэшыпІэхэр илъэс 30-40 хъуэдэ мэлажьэ кІи абыхэм я нэхъыбэр капитальнэ зэгъэпэщыжьын е нэсу зэхъуэжьын хуейщ. ЗэрыгурыІуэгъэщІ, илъэсипщІ бжьыгэкІэрэ зэтрихьа апхуэдэ щытыкІэр зэтхъуэжьын папщІэ ди ахъшэр жьуркиынуркъым. Мыбы и лъэныкъуэкІэ нэхъ егупуу кьэгъэсэбэпын хуейщ кьэралым и мылькумрэ уней мылькумрэ зэдзэгъэлажьэмыкІэ Іэмалхэр. Нэгъабэ зэфІагъэкІаежьмрэ энергосетевой компаниехэм, коммерческэ Іэнатіэхэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэхэм тету мы Іуэхум нэхъ жьыджэру елэжьыну Правительствэм хэзогъэувы. Уней ахъшэр мы Іэнатіэм нэхъ зыубгъуауэ кьыщыІэсэбэпынымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэмалу уэвын хуейщ тарифхэр зэмэн кІыхьым тещІыхьауэ зэфІэгъэкІынымк мы гъэм щыщІэдзауэ зэрыхуэкІынур.

Къару нэхъыбэ екьэлІапхъэщ энергоресурсхэр кьэзыытІыпщхэм я дех кьыщегъэжьауэ ахэр кьэзыгъэсэбэпхэм я деж нэсыху щарагъэкІынымкІэ уэгъэтэмэныным, платёжхэр нэхъэзІыхауэзгъэкІуэным, энергиер кьыдэзыгъаухуэ технологиехэр къэгъэсэбэпыным, хэщІыныгъэхэр нэхъ мащІэ щыным. Фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэ зэгъэпэщыжьыным трагъэкІуэдэну ахъшэм и хэкІыпІэ нэхъыщхьэр а фэтэрхэр зи мылькуу щытхэр арауэ зэрагъэувам кьыхэкІыу, дызыхуэкІуэ илъэс гъунэгъуэм и пащхьэ кьиувэ Іуэхуэхэм ящыщ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар

(КІэуахыр. ПэщІэдзэр 1, 2-нэ нап.)

СОЦИАЛЬНЭ ПОЛИТИКЭ

Социальнэ политикэр адэкІи егъэфІэкІуапхьэщ. Унэтіныгьэ нэхъыщхьэу мыбдежым, шэч хэмылъу, кьыщонэ цІыхухэм я улахуэмрэ хэхъуэмрэ къэІэтыным. 2015 гъэм республикэм ику иту кьыщыхь лэжьапщІэр сом 20562-м нэсащ, 2014 гъэм зэрыщытам процентыр 3-кІэ щІхьэщыкІри. Ауэ фэрэ дэрэ кьыдгурыІуэркъэ, ар, дауи, зэрыримыкъур, хэхъуэм и процентым инфляцэм и инагьэр зэрыщІмыуфэфым папщІэ. Абы кьыхэкІыу мы гъэм яужь дитын хуейщ лэжьыгьэм кьыэпкІуэ ахъшэм и куэдагьым хэпщІыкІыу хэгъэхъуэным.

Бюджет Іэнатіэм и гугъу пщыІэ, Урысей Федерацэм и Президентым и накъыгьэ (2012 гъэ) уэкъэсэм щыгъэува кьалэнхэр дгъэзэщІэну тхуэзэфІэкІащ. Дыззэрит илъэсым дэ пытщэн хуейщ социальнэ Іэнатіэм и лэжьакІуэ щхьэхуэхэм я улахуэр пІалъэкІэрэ кьэІэтыным, дауэ хъуми зэдгъэхъулІапхъэщ щІыналъэ «гъуэгу картэм» щыубзыхуэ индикатинэ щытыкІэр.

Мыхьэнэ пыухыкІа егъуэт нобэ псом хуэмыдэу кьыізэхьэлъэкІэм - ныкъуэдакьуэкъуэм, мыхьэ, мыхьэуасэм, сабий зеинщэхэм - инэжьинІэкІэ социальнэу кьащхьощыжьымым. Иужьрей илъэсхэм дэ долъагъу сабий зеинщэхэр унагъуэхэм нэхъыбэу кьызэращтэр. Дэ дри кьалэнщ - апхуэдэ унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІдгъэхъуэнуу!

Унагъуэр гъэбдыдэнри ди кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Нобэ, ирагъэкІуэкІлэжьыгьэмрэ социальнэ программэ зэмылІэужьыгьэхэмрэ я фІыгьэкІэ, илъэс зыбжанэ хуэдизкІэ ди кьалэнхэм я бжыгьэм хохъуэ. КІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу сабиищ, плІы, тху зиІэхэр. Кьалэнхэм я бжыгьэм нэхъыбэу хэзыгъэхъуэр етІуанэ, кьыкІэлъыкІуэ сабийхэр зэрагъуэтырщ. Абы кьыхэкІыу ди дежкІэ псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІэщ анэ мылъкур ятыным и пІалъэм къэралым и Іэтащхьэм и унафэкІэ иджыри илъэситІ зэрыщІагъуэм.

Иужьрей илъэсхэм нэхъ щІэхуэбжьажащ «Доступная среда» программэм и гъэзэщІэныр. Нэгьэабэ гъэзэщІа хуэхащ ныкъуэдыкъуэхэр объектхэмрэ Іэхэхутхэбзэхэмрэ ялъэІэсын папщІэ Правительствэм кьишта «гъуэгу картэм» щыгъуэва Іэхэхутхэ 11-м ящыщу 10-р. Мы гъэм дэ дынэсын хуейщ процент 45 лъэІэсынымгъэм. Пэжщ, дауи, а бжыгьэр Урысейм ику иту щыщыІэм ди деж щыхуокІуэр. АрщхьэкІэ, сэ сызэрелъымкІэ, мы Іэхэхутхэм фэрыщІагъ хэлъу дыбгъэдыхьэ хъунукъым, атІэ ди кьалэнщ ар, псом япэрауэ, ди пІэлъэкъэм я хабзэхэмрэ псэукІэмрэ тетщІыхьэну. Илъэс гъэнэгъуэхэм дэ ди кьалэнщ зи уэзышхэм сэкъат иІэхэм псэупІэ тэмэм кьахуэздгъэпщынчу.

Правительствэм пщэрыльщэ щыІэ и унэтІныныгьэмкІэ тезыгъэгушхуэну Іэмалхэмрэ лэжьыгьэм зыщІэгъэкъуэнымкІэ, абы хъэрычъэтыщІэкэр, мылъкум пымыщІа организацэхэр, цІыху щхьэхуэхэр, жылагьуэр зэрыщыту нэхъыбэу кьешэлІэныкІэ жэрдэмхэр кьыхилъхьэну.

УЗЫНШАГЪЭР ХЪУМЭН

ЦІыхум и хъугъуэфІыгьуэ нэхъыщхьэм и шэсапІэу щытщ узыншагьэр. Иужьрей лъэхъэнэм лэжьыгьэшхуэ зэфІэгъэкІа мэхъу узыншагьэр хъумэнымкІэ системэм зегъэужьыным екъэпІауэ. Технологие лъагэхэр кьыщагъэсэбэп центрхэр ухуэнымрэ клиникэхэр нобэрей ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщыныгьэ кьадзкІуэу ягъэ игъэщІапхъэ унэтІныныгьэхэу кьэнэж профилактикэр, диспансеризацэр, кьищынэмыщІауэ ягъэ медицинэ дэІэпыкъуныгьэ етыным зегъэужьыным, кьуажэри хиубыдэу, Путин В. В. и Зыхуэгъэзэныгьэм щхьэхуэу зэрыщыжьилам тетщ.

НобэкІэ фельдшер-акушер пунктхэмрэ дохутыр амбулаторэхэмрэ зыхуей псомкІи кьанэ щымыІэу кьызэгъэпэщащ. ГъуэлъпІэ фондыр пІалъэкІэрэ зэрагъэзэахуэ, экономикэ хэхъуэу абы 2015 гъэм сом мелуан 60-м щигъу кьыпэкІуащ.

Республикэм зэпІэзэрыту кьэщІонэ узыншагьэр хъумэнымкІэ интегральнэ щытыкІэр, ар елъытащ кьалъхуагьащІэхэр зэрылІэм и коэффициентым. Нэхъ мащІэ хъущ псори зэрыплъыкІым, лъыр зэрызекІуэ системэм и узэхэм, жьэм узым, уз зэрыщІалэхэм я коэффициентхэр. Технологие лъагэр зи лъабжьэ медицинэ дэІэпыкъуныгьэ зыгъуэт сымаджхэм я бжыгьэм хохъуэ. 2015 гъэм апхуэдэхэр цІыху 3250-рэ хъущ, 2014 гъэм елъытауэ ар 520-кІэ нэхъыбэщ, абыхэм ящыщу щитхум апхуэдэ дэІэпыкъуныгьэ ди клиникэхэм япэу щагъуэтащ.

Апхуэдэу щыт пэтми медицинэ Іэхэхутхэбзэхэр нобэрей Іэмалхэм тету кьызэгъэпэщыныр зэгугъупІэу кьэнэж. 2016 гъэм дэ лажьэу дутІыпщым хуейщ республикэ перинатальнэ центрыр, онкологие диспансеры ухуэнымрэ зэфІэдзэкІыпхъэщ. Абыхэм кьадзкІуэу елэжьын хуейщ психоневрологие диспансеры кьызызыхутыншэу зэгъэпэщыжьымрэ Налшык кьалэ нефрологие центр кьыщызэІухынымрэ, нэгъуэщІ объектхэр кьэгъэщІэрэщІэжьымрэ зыхуей хуэгъэзэнымрэ.

Иджыри куэд дыдэ щІэн хуейщ узыншагьэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэнми, медицинэ Іэхэхутхэбзэхэм я чэзууагьэмрэ фІагьымрэ кьэІэтыними екъэпІауэ.

ФИЗКУЛЬТУРЭМРЭ СПОРТЫМРЭ

Арэзы дыкъищу жьитІэфынущ нобэ ди къэралым узыншагьэр цІыхум и социальнэ хьэл-щэн зэрыхъуар. ГъащІэ узыншэ екъэхІныныр пхыгъэкІыным сэбэп хуэхъу физкультурэмрэ спортымрэ къэралым дэІэпыкъуныгьэ зэрагъэуэтыр, кьищынэмыщІауэ ирагъэкІуэкІ дунейпсо, урысейпсо, щыналъэ зэхъэзэхуэхэр, ди республикэри хиубыдэу.

Иужьрей илъэситІым къриубыдэу ди деж щаухуащ физкультурэ-зыщагъэхъуэ комплексу 11, стадиону 2, куэдкІэ кьэбгъэсэбэп хъуну спорт утыкуу 5, нэгьуэщІ объектхэр. Мы гъэм пыщэн хуейщ спорт объектыщІэхэр ухуэным, псом ящхьэрауэ муниципальнэ районхэм куэдым хуэщІа утыкуэр кьыщыізгъэпэщыным. Правительствэм, Налшык кьалэ округым и администрацэм, кІыхьлІыхь ямышІу, инвестторхэм гурагъІуэн хуейщ Налшык и кьалэухуэ советыр хэплъэу кьащта мыл аренэ зиІэ Іэухуэгьуэ зыбжанэ щызэфІагъэкІмэ, сбэпынагьашхуэ пылъу республикэм зегъэузэщыным и зэфІэкІхэр хуэунэтІныным. Абы папщІэ нэхъыфІу кьызолъхьэ, а Іэухуэгьуэм иджыблагъэ дыщытесэлъхьахащ щІыныгьэлІэхэм сащыухэзам, 2030 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и инновацэ зыужьыныгьэм и стратегие зэхэлъхьэныр. Правительствэм пщэрыльщэщІ, кІыхьлІыхь имышІу, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыныгьэ центрыр, щІыныгьэкъэухтакІуэ институтыр, вуэхэр дэщІыгъуу я лэжьыгьэм ирихьэкІыжьу.

Къэрал щІалэгъуалэ политикэр гъэзэщІэным я пІэ игъэщІапхъэ и унэтІныныгьэхэу щытын хуейщ кьытщІэхъуэ щІэблэм и творческэ жьыджэрагьэр кьэІэтыныр, езыхэм яфІэфІу зыхэт Іэухуэгьуэхэм, волонтёр зэщІэхъееныгьэм зэщІэгъэкъуэныр. ЗэфІэкі зиІэ щІалэгъуалэр гъэбелджьынымрэ ядэІэпыкъуныкІэ, я мурадхэр зрагъэхъулІэныкІэ сыт и лъэныкъуэкІи сэбэп яхуэхъуным екъэпІа лэжьыгьэм пщІэхъэщ.

Хэкупсэ гъэсэныгьэр - ди политикэ, щэнхабзэ фІагьэ, щэнхабзэ кьалэнщ. Тхыдэм пщІэ хуэщІын, хабзэр зехьэн Іэпхынгьэхэр гъэбыдэн, абыхэм зедгъэужьын хуейщ. ЩІэблэхэр псэууэ зэпыщІэныр ди Іэпхпэхэм я псэкупсэ быдгъэщ, ар хэмыту кьалэн гъунэгъуэхэмрэ жьыжьэхэмрэ запэлъэщынукъым.

ЩЭНХАБЗЭ

Ди лэжьыгьэм и унэтІныныгьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ щэнхабзэм зегъэужьыныр. Литературэм и илъэсым хиубыдэу нэгьабэ творческэ Іуэхугьуэ куэд екІуэкІащ. Ди музейхэр, театрхэр, клубхэр кІуэ пэтми цІыху кІуапІэ нэхъ мэхъу.

Гукъыдэжьышхуэ кьаруту республикэм щекІуэкІащ ТекІуэныгьэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум техуэда даущдэкъэр. Гульытэ хэха хуащІащ ветеранхэм. МащІэкъым зэфІагъэкІар заузм и лІыхъужьхэмрэ тылым и лэжьакІуэхэмрэ я фэеплъыр мыкІуэдыжькІи папщІэ. Дэ Іэмал имыІэу а лэжьыгьэм пытщэнщу. Хэку заузшхуэм хэта ди ветеран лъапІэхэми нэхъыбэжу защІэдгъэкъуэнущ.

Щэнхабзэр - жылагьуэ зыужьныныгьэр щІэзэгъэхуабжьэ Іуэхугьуэ лъащІ. Абы лъэпкъыр щІапІыкІ, епсыхь, зэкъуегьуэвэ. Щэнхабзэм и мыхьэнэр дэ нобэ къэдгубзыгьыжьн хуейщ, иужьрей илъэс куэдым дэ ар кьытщыхъуу щытащ социальнэ Іуэхугьуэхэм я зыІыхьэу, нэхъыбэм Іуэхутхьэбзэ, зыгъэпсэхуІэ, нэгъуэгьэужь Іэнатіэу. Алхуэдэ бгъэдыхьэкІэр техуэрыкъым зыужьныныгьэм и кьалэнхэми, зэманым къигъэувэкъым. Дэ тпхыкІын хуейщ щэнхабзэм егъэджэныгьэ, гъэсэныгьэ мыхьэнэ лъагэ зэриІэр, кьыдекІуэкІ хабзэхэмрэ дуней тетыкІэмрэ я зы Іыхьэу щыткІэрэ.

Дэ иджыри куэд дыдэ зэфІэдгъэкІыпхъэщ щэнхабзэр абы жылагьуэм щиІэн хуей мыхьэнэм и лъагаІэм нэдгъэсыжьын папщІэ. Абы хъыжькІыу а лэжьыгьэм пэрыхьэпхъэщ псори: жылагьуэри, властри, школхэри, университетхэри, творческэ союзхэри, егъэджэныгьэ, щІэныгьэ зэгугъэныгьэхэри. КъыдэхъулІахэр нэрылъагьу хъун папщІэ зэфІэкІ, жэуапльныгьэ, талант, творчествэ псори зэщІэгъэуІуэн хуейщ.

Иджыри щэнхабзэ политикэ евгъэкІуэкІын папщІэ Іэзагъ зыбгъэдэлъ кадрхэр гъэхьэзырыпхъэщ, абы и кьалэнхэр, щхьэхуагъэхэр, унэтІныныгьэхэр кууэ кьагурыІуэу. А Іэнатіэм щІэлэжьэн хуейр кьурыкІу щІэныр хуэІэзэхэм я закъуэкъым, атІэ щэнхабзэр зи псэм хэтхэрщ, абы и зыужьныныгьэм ирипІейтёхэрщ.

Лихачёв Дмитрий академикым жиІат: «ЩІэнхабзэр - цІыху лъапсэм и гурыхуагъэщ». Нобэ, зэи хуэмыдэу, дэ дахуэнкъуэщ духовнэ, тхыдэ лъабжьэ быдэ. Лъэпкъ щхьэхуагъэр мы дуней иным щытфІэмыкІыуэдын папщІэ дэ тхъумэн хуейщ ди кьежьапІэхэр, ди анэдэлъхубзэр. Кьэхутэныгьэ лэжьыгьэ куу, проект гъэзащІэгъэуІэфэ щІалэгъуалэ тхыдэм и фэеплъхэр хъума хъун, музей Іуэхурэ щыізыгъэгъуазэ туризмэмрэ заужьын папщІэ. Щэнхабзэм пщІэ хуэщІынкІэ куэдрэ кьыщыщІедзэ цІыхур щыпсэу щІыпІэм и тхыдэмрэ хабзэмрэ зэгъэщІэныжьмкІэ.

Абы кьыдэкІуэу дэ псоми зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым щэнхабзэр игъащІэкІэ зыш теухуауэ, зэхъуэкІныныгьэ хэплъхьэ мыхъуну, жауэ зэрыщымыстыр. Псэунуц хабзэр зыхъумэурэ махуэ кьэс зыізыгъэбатэр. Ди лъэпкъ щэнхабзэр сыт щыгъуи кьэхащхьэхуКІырт зэІуэныгьэрэ зэныбжьэгъуГьакІэ. Си фІэщ мэхъу, дэпэкІи апхуэдэу зэрыщытынущ.

Гурыуэгъуэщ, ахэри мыхьэнэшхуэ зиІэ адрей кьалэнхэри щыпхуэгъэзэщІэнур хуэфащэ материально-техникэ лъабжьэ отраслым щІэнри и дежщ. ИкІи пІалъэкІэ лъэбакъуэ зырыз зэкІэлъытчрэ я Іуэхугьуэхэр зэфІэдгъэкІынущ, иджырей инфраструктурэ кьызэдгъэпэщынущ. Ауэ Хэрэлым и кьару закъуэкІэ мыкІуэжьмэ щызэфІэныныкъым. Социальнэ, творческэ хъэрычэтыщІэр, псапапщІэхэр, цІыху щхьэхуэхэр щэнхабзэ политикэр гъэзэщІэным нэхъыбэу кьыхэшапхъэщ.

2016 гъэр Кином и илъэсу Урысейм щагъэуващ, ар егъэкІуэкІныныр дэ кьэдгъэсэбэпын хуейщ ди щІалэгъуалэм духовно-нравственнэ унэтІныныгьэ узыншэ яІэныр зэфІэдгъэувэн, киноотраслымрэ киногуэзджэмрэ зэрыщыту дэтІыгьэн папщІэ.

Ди хъугъуэфІыгьуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ нэхъыбэу тхуэзэфІэкІахэм ящыщу лъэпкъ, дин зэхуаку мамырыгьэмрэ зэгурыІуэныгьэмрэ. Щэнхабзэ-тхыдэ щІэинхэм пщІэ хуэщІынкІэ, республикэм щыпсэу лъэпкъ псори фІыкІэ зэдэлэжьэныр нобэрей Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыгуэпх мыхьуну и зы Іыхьэ хуащІ.

Мы гъэм дэ Іэтауэ дгъэлъапІэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгьэр илъэс 95-рэ зэрырикъур. Юбилей Іуэхугьуэхэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІнынымрэ къэгъэсэбэпын хуейщ жылагьуэр нэхъри зэкъуэгъэувэныкІэ, зэкъуэтныныгьэр гъэбыдэнымкІэ, ди къэралыгьэр Урысейм хэту фІэкІа кьыізэрымыхъуфынур сыт щыгъуи ди гум и лъэныкъмкІэ.

Дэ ди Хэкумрэ абы и тхыдэ инымрэ дорогушхуэ. Илъэсищэ зыбжанэ хуэауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лэнэкъуэр жыджэру хэтщ Урысей къэралыгьуэр зэфІэгъэувэныкІи Мызэ-мытІыгу щІагъэбыдащ «ИгъащІэкІэ Урысейм дэщІыгъуу» ди адэжьхэм тхьэ зэраІуам зэрителъхьэр. Дэ дыхуэсакъыу тхъумэн хуейщ уасэ зимыІэ а щІэинщ, зыщыщІгъэгъупщэ хъунукъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и насыпыр, абы и къэкІуэнур дэ тщыщ дэтхэнэ зыми, ди гуащІэдэкІ хьэлэым, граждан жэуапльныгьэм зэрелъытар.

ДИН

ИгъэщІэ лъандэрэ кьыддекІуэкІ дин лІэужьыгьуэхэр иужьрей илъэсхэм быдэу зэдолажьэ. ЗэфІагъэувэж икІи ауэ тхьэелъэлІэпІащІэхэр. Іуэху Хьэмдэ я щІэр зезыхьэ Ислъам университетым нэгъабэ ираташ зыхуей хуэгъэза плІыуэ зэзет унэ. Муслъымэнхэм я дин Іуэхугьапіэм зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгьэ егъуэт. Апхуэдэ Іуэхугьуэхэр зэфІагъэкІ кьыддэгъэгурыкІуэу ди республикэм щыІэ адрей дин лІэужьыгьуэхэми екъэпІауэ. Кьапщтэмэ, зэман гъунэгъуэм кьанэ щымыІэу яухынурэ Іэтауэ кьызэІуахынущ Магдалинэ Марие Щихьым и христэн члисэр.

ЦІыхухэм дин щІэныгьэ егъэгъуэтыным екъэпІа лэжьыгьэр хэпщІыкІыу еуфэрэкІ хъущ. 2015 гъэм и накъыгьэм щыщІэдзауэ «Россия-1» телеканалым и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м мазэ къэс тІэу эфирым кьыщрехьэхэ «Ислъамыр - мамырыгьэм и динщ» программэр. А канал дыдэм нэгъабэ и бжьыхьэм щрагъэжьащ «Открытым текстом» нэтынри. Телевизионнэ проектыщІэхэм цІыху куэдым гу лъатакІэщ. НэгъуэщІ Іуэхугьуэ зыбжанэ зэфІагъэкІ, ди лъэпкъхэм я социальнэ, щэнхабзэ гъащІэр я лъабжьэу.

Апхуэдэу щыт пэтми иджыри куэд дыдэ зэфІэгъэкІын хуейщ цІыхухэм дин щІэныгьэ егъэгъуэтыным екъэпІауэ. Абы щыгъэмэ я къэлъытатхэщ дин зэхэтыкІэр.

Властым и гъэзэщІакІуэ, хабзэгъэув Іэнатіэхэм я зэдзлажьэныгьэр здынэса лъагаІэр хъумэн хуейщ. Илъэс блэкІам Парламентым лэжьыгьэщхьэу зэфІигъэкІащ экономикэр кьэгъэщІэрэщІэным, инвестицэ, Іуэху зэфэхъэзэвэкІэр егъэфэкІуэным, ди социальнэ программэхэр гъэщІэным законодательнэ лъабжьэ етыным екъэпІауэ. Депутатхэр адэкІи апхуэдэу жыджэру лэжьэну сыщогугъ.

Къызолъытэ, иджыри зэманым хабзэубзыху Іуэхугьуэхэр псом япэрауэ хуэунэтІныпхъэщ бюджетым кьыхэкІ мылъкум кьахь сэбэпныгьэм хэгъэхъуэным, цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгьэ етыныр куэд кьыізэщІаубыдэу икІи хэхъуэ кьыізэрэпэщыным, гъэтІылъыгьэу диІэ псори зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпыным.

Закон хъащтэхэм я бжыгьэр абыхэм я фІагьым зэран хуэхъуу пхыгъэкІыныр кьызэнэкІыным текуауэ зытехьа Іуэху бгъэдыхьэкІэм зегъэужьыпхъэщ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ дяпэкІи Парламентым и лэжьыгьэм и фІагьэр кьэлъытэным абы кьищта законхэм я бжыгьэм темыщІыхьауэ, цІыхухэм я псоукІэр егъэфІэкІуэным нэрылъагьуу кьрикІуэхэмкІэ.

Иужьрей илъэсхэм куэд зэфІагъэкІ муниципальнэ реформэр пхыгъэкІыным екъэпІауэ. ЩІыпІэхэм щыІэ властым и органхэм я кьалэнхэр езыхэм ягъэзащІэжьмэ я бюджетым и проценти 10-м нэс си сэбэпнагьыр кьэзыгъэльэгъуа социальнэ унэтІныныгьэ зиІэ НКО-хэм хуаутІыпщыну. А лэжьыгьэм дэ мы гъэм щІэддзэн хуейщ.

ХЭХЫНЫГЪЭХЭР

ФокІадэм и 18-м Хэхыныгьэм и махуэ закъуэм зэхэтынущ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, ди республикэм и щыпІэ самоуправленэхэм я Совет псоми хэтныхэм я хэхыныгьэхэр. Дэ ахэр зэщІэгъэуІуауэ екІуэкІныныр кьызэдгъэпэщыпхъэщ, хэхыныгьэр зэрекІуэкІым и кьэбзагъэмрэ нэхуагъэмрэ гульытэ хэха хуэтщІу. Кандидатхэр зэщІэгъэувэгьэкІэ цІыхухэр жьыджэру хэтын, хэхыпІэ участкэхэм куэду екІуэлІэн хуейщ. Абы щыгъуэми мыхьэнэшхуэ иІэщ хэхыныгьэхэм ипэ кьихуэ бэнэныгьэр мыхъумыщІагъэкІэ кьемыгъэзэжьэфынымкІэ. Политикэ партхэмрэ жылагьуэ зэщІэхъееныгьэхэмрэ я пашэхэм, цІыхубз къэхьарегьащІэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм, ди цІыхухэм я зэхэщІыкІ инымрэ жэуапльныгьэмрэ сыщогугъ.

ШЫНАГЪУЭНШАГЪЭ

ДызыхуэкІуэ илъэсхэм щыдиІэ кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ хабзэр, щытыкІэ зэпІэзэрытыр, ди цІыхухэм я шынагъэншагъэр. Ар ехьэлІащ хэзыгъэ Іэнатіэхэми, жылагьуэми зэрыщыту.

Хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ шынагъэншагъэмкІэ органхэмрэ ядэщІыгьуэу илъэс блэкІам дэ тхуэзэфІэкІащ криминогеннэ щытыкІэр егъэфІэкІуэну. Нэхъ мащІэ хуэщІащ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм я гъащІэм ещэныр, Іащэ яІыгъуу ирагъэкІуэкІ хъунщІэныгьэхэр, щІэпхъаджащІэхэр, автотранспорт ирахужьэныр. ЩІэпхъаджагъэ куэд нэхъ псынщІэу кьыщІатгъэщ хъуащ, «я лъэужьым иту» хиубыдэу. Экономикэ шынагъэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтынымрэ Іэнатіэхэми я лэжьакІэр нэхъыфІ хъуащ.

Илъэсым кьриубыдэу республикэм и щыналъэм зы терроризм Іуэхугьуэ кьыщыхъуакъым. Террор унэтІныныгьэ зиІэ щІэпхъаджагъэкІ 2010 гъэм зэрыхъуа 143-м икІри 2015 гъэм 2-м нэс ягъэмащІащ, бзаджащІэхэм я цІыху бжьгъэм, гъэтІылъыгьэ, мылъку лъабжьэм хэщІынныгьэхэуз ягъуэтащ, абы и кьыізэгъэпэщыныгьэ структурэр зэхэкъутащ.

АрщхьэкІэ террор шынагъэр щхьэщыкІакъым. Экстремист гупысэм хьэбарегьащІэ Іэмалхэмкіэ пэщІэтынымкІэ гугъуехьэхэр къохэ. Геополитикэ Іуэхугьуэ хъэльэхэмрэ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пхыыгъэкІэм жьджэру кьагъэсэбэп интернет-щІынальэм псынщІэу зэрызыжьымрэ кьалэн кьытщащІ абыхэм цІыхухэр, псом хуэмыдэу кьытщІэхъуэщІэблэр, кьыдадэхьнныр кьэмыхъуныкІкІэ хъыбарегьащІэ технологиещІэхэр кьэтІылъхьэну.

Дэ долъагъу КъуэкІыпІэ Гъунэгъум, нэгъуэщІ щІыпІэ куэдым щытыкІэр кьызэрыщыізэщІэлъэр, дунейм зэхъуэкІныныгьэ кьуухэр зэрыщекІуэкІыр. Урысейм щыщхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІаэрри яхэту, «щагъасэ» «Ислъам къэралыгьуэкІэ» зэджэм. Террорист Іуэхугьуэхэр ялэжьын папщІэ абыхэм псынщІэу кьегъэгъэзэжьмэхуэ дгъэзэщІэнущ, икІи зэман гъунэгъум Къэбэрдей-Балъкъэрым хъунущ ди къэрал иным и щІыналъэ нэхъ зэпІэзэрытхэм, шынагъэншэхэм, зыхуей щагъуэтхэм ящыщ зы.

Абы папщІэ пэ щхьэр дэ диІэщ - жылагьуэмрэ властымрэ я зэкъуэтныныгьэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ:

- Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейт КъБР-м и Іэтащхьэм Зыкъызэрыгъэхуигъаззэм щыгъэзыгъэзэм хуабжьу зэрыригъэр икІи зэрыкупщІафІэр. Нэхъыщхьэу зэфІэгъэкІа хъуахэр зэпкърихащ, япэ игъэщыпхъэ Іэзхугъуэ псори игъэбелджылащ, пІалъэ кІэщІым, къэкІуэну ильэсхэм тещІыхьауэ, республикэм зэрыгъэзыжьыным и хэкІыпІэхэр игъэнэІуащ.

Зэрызыхуигъаззэм экономикэм и зыужькьКІэм увыпІэшхуэ щеубыд. Сыту жыпІэмэ, нобэрей щытыкІэ гугъум абы и мыхьэнэм хохъуэ. Экономикэр тэмэму зэтеувэн щыхьэкІэ, зи мылъку къыхэзыльхьэхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм кърашу щытахэр къэзылэжьхэм хуэфащэ щытыкІэ къахуэзгъэпэщыпхъэщ. Финанс Іуэхуэхэр егъэфІэкІуэным, къапщтэмэ, хьэрычэтыщІэ Іэнатіэ щыкІуэхэмрэ курытхэмрэ сыт и лъэныкъуэкІи защІэгъэкъуэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр къыхилъхьащ. КъызэрытІытэмкІэ, къэралымрэ бизнесымрэ я хабзэ зэхуущытыкІэхэр зэкІэлъыгъэкІуэным, я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным ахэр куэдкІэ сэбэп хуэхъунущ.

Егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм и Іэнатіэхэм пыщІа Іуэхуэхэр зэфІэхыным КъБР-м и Іэтащхьэм гулъытэщхуэ хуищІащ. Финанс кризисым къиша гугъуехьхэм дыщыхэт лъэхъэнэм абыхэм я мыхьэнэм хохъуэ. Дунейм политикэ щытыкІэр щекІакІуэ, зэпымыууэ къыщыгракъуэз мы зэманым, зэи хуэмыдэжу, дызэкъуэувэн, къэралми мыкъэрал институтхэми я къарур зэдгъэуІун, апхуэдизу щІалэгъуалэр гупсысэ узынШэхэм хуэдгъэушын хуейщ. Ар унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыхигъэщащ.

Республикэм и Іэтащхьэм зытригъащІэр Зыкъызэрытхуигъаззэм Іупщіу щигъэнэІуащ. Ар властым и Іэнатіэ, и къудамэ псоми я программэ тхыльщ. Къытпэщытхэр зэдгъэхъулІэн папщІэ, дяпэкІэ зэуІуу лэжьыпхъэхэр абы пыухыкІауэ щыгъэбелджылащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Зэрызыхуигъаззэм къыщыгъэлъэгуасэм тещІыхьауэ республикэм парламентаризмэм зэрызыщиужьыну щыкІэм и гугъу пщІымэ, законубзыху лэжьыгъэр зэредгъэфІэкІуэным дяпэкІи дыхущІэкъунущ. Зэрызыхуигъаззэм щыубзыху Іэхугъуэхэр, абы и лъэныкъуэкІэ къуэ къалэнхэр зэрыдгъэзэщІэну планыр гъэхъэзырыным мы зэман гъэнэгъум депутатхэр яужь ихьэнущ.



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыбгъэдэкІыу КъБР-м и ЛыкІуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым щыІэ Улубашев Мухьэрбий:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Цыхухэм Зэрызахуигъаззэр, щэч хэмылъу, нэгъэсауэ купщІафІэщ. Гуапэ сщыхъуащ социальнэ Іуэхуэхэм хухах мылъкур зэрахъумэнум теухуауэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий жиІэхэр. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ. ЗэрытщІэщи, езэгърабгъуу зэхуагъэкІуэн мурадкІэ, мыгъэрей бюджетым ищхьэмкІэ щыхэпІэжынущ. Мы зэманым псори зэпаІыт, хэщІэкмкІэ Іыхьэ щхьэхуэхэр дымыгъэмащІэу хъунукъым. Зэрызахуигъаззэм едэІуахэм нобэ зэхахащ щІэгъэкъуэн хуэныкъуэхэм - ныкъуэдыкъуэхэм, пенсионерхэм, унагъуэшхуэхэм - яхуэгъэзауэ къалэн зыщыкІыжауэ щытахэр къанэ щымыІэу къэралым зэрихъумэнур. Ар нобэрей Зэрызахуигъаззэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къизолъытэ.

КъБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкіэ и комитетым и унафэщі, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и Іэтащхьэ Афэщагъуэ Михаил:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщым Зыкъызэрытхуигъаззэм ильэс кІуар зыхуэдар щызэпкърихащ, республикэм и социально-экономикэ зыужьыкІэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щигъэнэІуащ. Республикэм и зэфІэкІым зэрыхэхъуэр, Урысей Федерацэм нэхъ зэпІэзэрыты зыщыщыжь щІынальэ щхьэхуэхэм даэзрыщыщыр гуапэщ.

Зыкъызэрытхуигъаззэм КъБР-м и Іэтащхьэм къыщыхилъхьащ, республикэм и Правительствэр ди щІэгъэкъуэну, хьэрычэтыщІэхэм я зэгухьэныгъэм дызэрыдзлажьэ щІыкІэр едгъэфІэкІуэну, инвестицэхэр зэщІэгъэзыІуэным, продукцэхэм я фІагъым хэгъэхъуэным щытыкІэфІ къахуэздгъэпэщыну, бизнес мащІэм гулъытэ нэхъыбэ хуэтщІыну. Экономикэ, социальнэ Іэнатіэхэм зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм зэрызаужьынум хуэунэтІауэ къэув къалэнхэр Зэрызыхуигъаззэм Іупщіу щыгъэбелджылащ. Ахэр гъэззэщІэныжьмкІэ зыхуэфащэ министерствохэм хэхауэ яхь жэуапыр зыхуэдэри щигъэнэІуащ.

Апхуэдэу КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ бюджетым и хэщІхэр фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыным, цІыхухэм хэхауэ защІэгъэкъуэным, мылъкур зэгъэзэхуэным пыщІа Іуэхуэхэр къызэзыгъэпэщыну хабзэхэм мы зэманым зэкъуэзауэ делэжьын зэрыхуейр.

КъыщынэмыщІауэ, политикэ парт псори, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри, республикэм и цІыхухэри Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ я зэІуэпэщыныгъэм зэуІуу, фейдэ пылъу телэжьэну къыхуриджащ.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ институтхэм зегъэузжьынымрэ щыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщі, КПРФ-м и фракцэм и Іэтащхьэ Пащты Борис:

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт дызэдзІуа Зэрызахуигъаззэм республикэм и зыужьыкІэмрэ и щытыкІэмрэ зыхуэдэр нэгъэсауэ зэрыщыІэпкърыхар, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр пыухыкІауэ, лъэныкъуэ псори зэщІигъэхьэу зэрыщыІэпэшэчар. КъБР-м и Іэтащхьэм зыри щІиупфакъым, щыщІэныгъэ псори игъэнэІуащ. Къащтэмэ, псалъэмакъэшхуэ къэзышэ, иІэсэ куэд хъуауэ зыхуэнэмыс щІы Іуэхум унафэ къыхуагъуэтын зэрыхуейр къыгъэлъэгъуащ. Ди къалэнхэр теплъаджэ зыщІ ухуэнэныгъэхэр муниципалитетхэм щхьэзыфІэфІу щезыгъэкІуэкІэхэр хуэфащэ жэуапым ешэлІэн хуейуэ къызэригъэувар хуабжьу игъуэщ.

Нэгъабэ Зыкъыщытхуигъаззэм, КъБР-м и Іэтащхьэм къулыкъущІэхэр къыхуриджауэ щытащ я пщэрыльхэм егугъуну, гудзакъэ зыхагъэлъыну, цІыхухэм гуапэу яхуущытыну. Абы пищэ щІыкІэу, бэм я пащхьэм щытхь жэуапыр зыхуэдэр нобэрей Зэрызыхуигъаззэми зэрыщигъэзэнэуам мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ.

КъыщынэмыщІауэ, дэ, коммунистхэм, щІэх-щІэхьыурэ къэтІэт Іуэхуэхэми къытеувыІащ. Апхуэдэщ промышленностым зедгъэужьын, цІыхухэм я жыджэрагъым хэдгъэхъуэн, республикэм зэпІэзэрытыныгъэр щыдгъэбыдэн папщІэ къежьапхъэхэр. Псэкупсэм, щэнхабзэм, социальнэ захуагъэм теухуа Іуэхуэхэми Зэрызыхуигъаззэм увыпІэ хэха щыубыд.

КІэщІу жьытІэмэ, щытыкІэр зыхуэдэр зэщхьэщыхауэ зэпкърихащ, къалэнхэр игъэбелджылащ икІи дяпэкІэ лэжьыпхъэхэр игъэнэІуащ. Иджы, ахэр ди гъуазэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм псори зэуІуу дытелэжьэн хуейщ.



КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщі, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» фракцэм и Іэтащхьэ Азычэ Светланэ:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и Зэрызыхуигъаззэм республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ зыбжанэ щигъэбелджылащ. Абы и къэпсэлъэныгъэм зэпымыууэ къыхэщащ къапэщытхэр гъэззэщІэным властым и къудамэ псоми я зэфІэкІыр хуэзщІагъэуІуэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Іэтащхьэм игъэнэІуащ республикэм и цІыхухэм я псэкІэр езыгъэфІэкІуэну къалэн нэхъыщхьэхэр. Апхуэдэщ экономикэм, социальнэ Іэнатіэхэм, шынагъэншагъэм, хабзэр хъумэным ехьэлІа Іуэхуэхэр. ДызэдэІуа Зэрызыхуигъаззэр властым и мызакъуэу, зэрыщыту жылагъуэхэм зэкІэлъыкъуэ зэфІагъэкЫпхъэхэм я «гъуэгу картэу» къызолъытэ. Республикэм и Іэтащхьэм Зыкъызэрытхуигъаззэр сыт и лъэныкъуэкІи зэхуэгъэкІуат, ткІийуэ къытхуигъэувэкІи зэрэзэ зытехъуэхэм зэрыхуэфащэкІэ зэкІэлъыхьат.

Егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, щІэблэр гъэсэным теухуауэ абы жиІахэм арэзы сытохъуэ. ЩІэныгъэмрэ инновацэ лэжьыгъэмрэ зегъэужьын зэрыхуейм гулъытэшхуэ хуищІащ. КъызэрыслъытэмкІэ, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм ящІыгъуу, 2030 гъэ пщІондэ КъБР-м и инновацэ зыужьыныгъэм и стратегиер Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым игъэхъэзырыну пщэрылъ зэрыщищІам щІэныгъэмрэ Іуэхуэщапіэхэмрэ я зэпыщІэныгъэр куэдкІэ иригъэфІэкІуэнущ, экономикэм и Іэнатіэхэм лъабжьэфІ яхуэхъунущ.

КъыщынэмыщІауэ, курыт школхэм еджапІэ нэхъыщхьэхэм къыщІах щІэныгъэр зыхуэдэм гулъытэ хэха хуищІащ. Зи гугъу ищІар республикэм и школхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ къыщІэкІхэм ягъуэт профессиональнэ щІэныгъэм и закъуэкъым, атІэ зэрыгъащІаджэм и фІагъым, егъэджэныгъэ Іэнатіэр Іэщагъэпіэхэмкіэ зэрызэхурикъуэм щхьэхуэу къытеувыІащ.

Щ1алэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным пыща Іуэхуэхэри зэпкърихащ. Абы и лъэныкъуэкІэ республикэм лэжьыгъэ пыухыкІа щокІуэкІ, ауэ иджыри зыхуэнэмысахэр щыІэщ. Ар къэтлъытэу, щІалэгъуалэ узэшыпэ къэгъэхъуэным зэуІуу дыхущІэкъун хуейщ.

Урысейм и Президент Путин Владимир зэІущІэ гуэрым зэрыщыжиІащи, дин зэмылІэужьыгъуэхэр щызекІуэ лъэпкъыбэ унагъуэшхуэм икІи уардэм зэрыщыщыр зыхищІэу цІыхур дымыгъасэмэ, къэралыгъуэ диІэнукъым.

Зыгъэсэныгъэхэр йокІуэкІ.

● Хэкум и хъумакІуэм и махуэм

Лыхъужьыгъэм и дерс

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ «Эльбрус» СОБР-м и хэщІапІэм Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу щекІуэкІащ «ЛІыхъужьыгъэм и дерс» зыфІащэ гъэлъэгъуэныгъэхэр. ИкІыхьэси хуэдэу, ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и МВД-м и СОБР-мрэ Экстремизмэм пэщІэтыныжьмкІэ центрымрэ. Зэхуэсым кърагъэблагъат Бахъсэн къалэ, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ куейхэм я курыт еджапІэхэм я класс нэхъыжьхэм щІэсхэр.

«ЛІЫХЪУЖЬЫГЪЭМ и дерсым» и къалэн нэхъыщхьэу щытащ щІалэгъуалэм я гум хэкупсэр къыщызэщІэгъэушэныр, Хэкум хуэпэжу, абы и хъумэным сытым дежи хуэхьэзыру зэрыщытын хуейр ягурыгъэІуэныр.

«Эльбрус» СОБР-р 1993 гъэм щышылэм и 18-м къызэрагъэпэщащ. А зэманым ди къэралым щекІуэкІа зэхуэхьэныгъэхэм къыдэкІуэу, щІэпхъаджащІэ гупхэри нэхъыбэ хуауад, Кавказ Ищхьэрэри абы къыдэкІуэу. ЦІыхухэр яукІыу, ядыгъуу, гъэр ящІу куэдрэ къэхъурт икІи Налшык и СОБР-м и лэжьакІуэхэр махуэм къриубыдэу спецопераци зыбжанэ ирагъэкІуэкІын хуей хъурт. «Эльбрус»-р къыщагъэсэбэп унэтІыныгъэхэм кІуэ пэтми нэхъ зиубгъурт.

1995 гъэм и ГъатхэпэР «Эльбрус»-м и къэпщытакІуэ лъэхъэнэу къалъытэ. Ахэр хэтащ Шэшэн Республикэм хыхьэ Ачхой-Мартан щІыналъэм и Самашки къуажэм щекІуэкІа Іэщэкъэ ЗэщІуэзэда Къарухэм я зэдай операцэм. Къуажэр къащта нэужь, иджыри маззэр ныкъуэкІэ «Эльбрус»-м къалэн зэмылІэужьыгъуэхэр Шэшэным щигъэзэщащ.

Налшык дэт Іэщэкъэ ЗэщІуэзэда Къарухэм я Іуэхущіапіэхэм 2005 гъэм и жэпуэгъуэм къыщытеуам зэпэщІэтыныгъэм хэтащ «Эльбрус»-м и зауэлІхэри. А зэзэуэм хэкІуэдащ «Эльбрус»-м и командирым и къуэдзэ Къалмыкъ Руслан. КъыкІэлъыкІуэ ильэсхэми СОБР-м хэщІыныгъэ зыбжанэ игъуэтащ. Ауэ абы къимыгъэдзыхэ хъумакІуэхэм мамыр гъащІэр нобэр къызэдэсым яхьумэ.

Налшык и СОБР-м зыгъэсэныгъэхэр жащ, махуэ ямыІэу, сыт хуэдэ щІыналъэмэ щагъэкІуэкІ. Ар гъащІэгъэнэкъым - «Эльбрус»-м и зауэлІхэр сытым дежи хуэхьэзыру щытын хуейщ Іэщэкъэ зэщІуэзэда лейзехьэм зэрыІущІэнум. Абы теухуауэ щытащ СОБР-м и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм ящыщ зыри. Сценарийр зэрызэхагъэувамкІэ, къат куэду зэтет унэм и пэшхэм ящыщ зым цІыку гъэру щагъыбдат щІэпхъаджащІэхэм. Гъэрхэр кърагъэутІыпщыкри, щІэпхъаджащІэхэр «Эльбрус»-м хэтхэм яубыдащ. А псоми хуабжьу дихьэхауэ кІэлъыплъащ къеІуэлІахэр.

КъыкІэлъыкІуэу хьэщІэхэм ирагъэзгъэщащ икІи кІэщІу и гугъу хуащІащ СОБР-м и къигъэсэбэп Іэщэкъэр техникэхэмрэ я зэхэтыкІэм. Адэкіэ «Эльбрус»-м и лэжьакІуэхэм я Іэрыхуагъэр щагъэлъэгъуащ Іэхуущіапіэм дэт нэщанэуапІэм.

Махуэ хъэс ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм къыдагъэкІыф СОБР-м и офицерхэм зэман къыдагъэкІыф МВД-м и Іэхуущіапіэхэм я деж щрагъэкІуэ! зэхъэзэхуэхэм хэтыну. Къэралым, дуней псом, щІыналъэ зэпеуэхэм хэтахэм зыІэрагъэхьа кубокхэр, медалхэр, грамотэхэр хуабжьу дихьэхауэ зэпаплъыхьащ школакІуэхэм.

«Эльбрус» СОБР-м щрагъэкІуэкІа зыплъыхьакІуэм и кІэухыу сабийхэм Іэфыкіэ Іэнэ къахуигъэуващ «Симба» Іэфыкіэ щащІ фабрикэм и унафэщІ, хьэрычэтыщІэ ЛІуп Аслъан.

КъызэгъэпэщакІуэхэм сабийхэр къагъэгугъащ къыкІэлъыкІуэу накъыгъэ махуэшхуэхэм ирихьэлІэу иджыри Іуэхуіапіэм кърагъэблагъэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.
Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *тригащ.*

Нэхъыжьхэм яущие

Шэрэдж щыналъэм хыхьэ Бабугент къуажэм дэт кадет школым щекІуэкІащ Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ехьэлІа зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ къытщІэхъуэ щІэблэр зэкъуэсу къэгъэхъуным, къызызэкІа лъэпкъыр, къэралыр фІыуэ яльагъуным щІэпІыкІыным.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІат КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и лыкІуэ **Къуажей Артём**, «Алан» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ генерал-лейтенант **Беппаев Суфьян**, КъБР-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шыхъэбахъуэ Мухьэмэд**, абы и къуэдзэ **Романенкэ Борис**, запасым щыІэ офицерхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм хэт **Аттаев Жашарбий**, КъБР-м и ДОСААФ-м и къудамэм и унафэщІ, полковник **Кирпичников Михаил**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Дзэгъушокъуэ Арсен**, Социалист Лэжьыгъэм и Пльхьэжь **Маллаев Шарафудин** сымэ.

Зэхуэсыр къызэІуэыха Шыхъэбахъуэ Мухьэмэд къыхихъэщащ мы махуэ лъапІэм ди къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм, абы хэкум щыпсэу лъэпкъ мащІэхэр зэрызэкъуигъэувэм. Беппаев Суфьян тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм дуней псом щиубыд увыпІэм, абы и дзэр нэхъ лъащ дыдэхэм зэращыщым, апхуэдизу жиІащ ди къэралыр хьэмэным и лъабжьэр зэкъуэтыныгъэр арауэ зэрыщытыр, ар къэгъэтІэсхъэным телажьэхэр щыІэми, абыхэм я гугъуехьыр псыхэкІуадэ зэрыхъунум щэч къызэрытримыхьэр. Урысейдзэр зэрефІакІуэм, абы ди бий ерухэр зэрыщышынэм и гугъу ищІащ Романенкэ Борис. ФІыкІэ игу къыгъэкІыжу дзэм кълыкІуэ зэрыщищІам, абы щІалэщІэкэр зэрипсыхьым и гугъу ищІащ Къужей Артём. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ къэралыр нэхъ лъэщ хъун папщІэ щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм егъэгъуэтыпхъэу зэрыщытым.

Сатыру иувыкІа кадет ныбжьыщІэхэм уаІуплъэну гухэхъуэт. Нэрылъагъут абыхэм ящыщ дэтхэнэми, хуей хъумэ, къэралыр яхъумэну узыщыгугъ хъуну сэлэт къаззрыхэкІынур. Хэкум, зауэм, фІылъагъуныгъэм ехьэлІа усэхэм къеджащ курсантэу Бозиев Алихъан, Балъкъэр Ислъам, Анаев Ахьмэт, Туменов Даниил, Джыназ Рустам, Кьардэн Астемыр, Дыщэкі Мухьэмэд сымэ. Гулиев Астемырэ Фриев Алимрэ къафэ дахэкІэ утыкур ягъэдэхащ.

ЗэІущІэм и кІэухым еджакІуэхэр зэпеуащ нэщанэ еуэнкІэ, зэбэнынкІэ, боксКІэ, ІэпщэрыбанэкІэ. Къыхэжаныкіахэр еджапІэм и клубым саугъэт лъапІэхэмкІэ, фІыщІэ тхыльхэмкІэ щагъэпэжащ.

Тхыгъэри сурэтхэри **НАФІЭДЗ Мухьэмэд** *ейщ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Зыхуэмей хьэщІэхэр

● Къаугъэ

Алтайм щрагъэкІуэкІыфакъым «Къухьэпіэ Сыбыр: щІыналъэр, экономикэр, инвестицэхэр» зэІущІэшхэр. Науман щхьэхуитыныгъэмкІэ и Германие фондым и къудамэмрэ политик Рыжков Владимирэ илъэс къэс зэхуагъэс абы «Сыбыр Давос»-кІи йоджа. Ауэ мы гъэм ар къызэпаудащ щыналъитІым я турбазэхэм ядакъым хьэщІэхэм хэщІапІэ иратын. Къызэхуэсахэм къалъытащ властхэм бизнесым къытракъэзуэ. Арщхьэкіэ езы властхэм жаІэ къаугъэм ыкІи хэмыпщІауэ.

● ЩІыхуэхэр

Дыхьэлэлыщэу ара?

НэгъуэщІхэм фІы яхуэтщІэурэ, ди сэбэп зыхэлъхэр хыдоутэж

ЩІышылэм и кІэуэхм Урысейм Монголием хуигъэгъуащ доллар мелуан куэд хъу щІыхуэр. Ди Іуэхуэхр щыгугъу зэманым ахъшэ лей къыкъуэкІауэ ара? Апхуэдэ дыдэу фІы яхуэтщІащ Ираным, Кубэм, нэгъуэщІ къэралхэм.

ИПЭІУЭКІЭ дахуэупсащ соцлагерымрэ цІыхубэ демократиемрэ я къэрал псоми. Ятекіуащ Кубэр - 2014 гъэм абы хуэдгъэгъуащ доллар мелард 31,7-рэ. КІэлъокІуэ Иракыр (2008 гъэ, доллар мелард 12), аргуэру Монголиер (2003 гъэ, доллар мелард 11,1-рэ), КНДР-р (2012 гъэ, доллар мелард 11), Сириер (2005 гъэ, доллар мелард 9,8-рэ), Вьетнамыр (2000 гъэ, доллар мелард 9,5-рэ). ЩІыхуэу ятелъа доллар мелард зырызыр зэхъуэ яхуэхъуащ Никарагуам, Анголэм, Ливием, Алжиры, Эфиопеим, нэгъуэщІхэми. Иужькіэ чэзыр ялыгъсащ идкыжрей ди лэжьэгъуэхм - 2013 гъэм доллар мелуан 500 Къыргызыстан, 2014 гъэм доллар мелуан 865-рэ Узбекистаным хуагъэгъуащ. Урысей къэралыщІэм иужь илъэсхэм псори зэхэтуадейхэм доллар мелард 140-рэ яхуигъэгъуащ. А ахъшэр 2015 - 2016 гъэхэм бюджетыр зыхуащІыщІэм нэхърэ хуэди 3-4-кІэ, 2000 - 2015 гъэхэм УФ-м и щІыналъэхэм трансферту хуаятІыпщащ псоми нэхърэ нэхъыбэщ!

А къэралхэр апхуэдизу къулейсыз?

2006, 2008 гъэхэм Алжиримрэ Ливиемрэ псори зэхэту доллар мелард 9,1-рэ хуагъэгъуащ - а къэралитІым зы махуэм щІыдагъэу баррель мелуани 3,8-рэ къыІуэхуэмкІэ институтым и унафэщІ **Делягин Михаил**. - ЩІыхуэхэр зэрытракъуэз Іэмэпсымэ гъуэзджащ. Ар зыхуэбгъуэгъуа къэралыр гуфІэнущ, ауэ иужькІэ егупсысынущ: хъарызнэщ, арщхьэкІэ дпэкІэ дэ а щІалэ хьэлэлхэм дахуеижьнукъым... Псалъэм и хьэтыркІэ, 2000 гъэхэм зи Іуэхуэхэр зэпэщ Вьетнамым щІыхуэхэр хуэдгъэгъуа иужь абы къитшыжьн хуей хъуащ Камрань щІыІэ дзэ базэр - ар зэрытІысым хуэзэр нэхъапэм телъ щІыхуэм процентКІэ хэкІырт, иджы ахъшэ Іэрылъхьэ ттын хуей хъуащ. Мы Іуэхум коррупцэ хуэмэбжьымэ хэмылъу пІэрэ? Ар щхьэтечу пхужьІэнукъым, ауэ къыгуэлпъэфу щІыхуэр хуэбгъэгъэнуи ну нэгу къыщІыхьэгъуейщ - Іэмал имыІэу фІыщІэ къыпэкІэнэ хуейщ. Си фІэщ хъурхъым Медведевым и правительствэм хэтхэр апхуэдизу делэу е хьэрэмыгъэнэщэ дыдэу. ЖысІэнщи, американхэм иужь дыдэу щІыхуэр 90 гъэхэм зыхуагъэгъуар Польшэрщэ, хуагъэгъуари и зэхуэдитІырщ. Пэжу, итІанэ нэгъуэщІхэр я гъуэсу щІыхуэхэр хуагъэгъуащ Африкэм и къэралхэ нэхъ къуейбсы дыдэхэм».

«Аргументы и факты».

Нэрылъагъукъым икІи Іэубыдыпіэнщэщ

● ЩІэ

2020 гъэм ирихьэлІэу Урысейм иІэнущ зыми пимыкІуэтыну Іэщэхэр

Зы секундым километрипщІхэр зэпызычыфыну Іэмэпсымэхэм удын ирадзыфынущ дунейм и сыт хуэдэ щІыпІэми. «Тактическое ракетное вооружение» концерным и унафэщІ Обносов Борис и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ди къэралыр гъунэгъу хуэхъуащ зы сыхьэтым километр 6150-м къыщыщІэдзауэ километр 12300-м нэс зыкІу ракетэхэр ищІыфыным.

ИДЖЫРЕЙ зэманым нэхъ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ макъым нэхърэ хуэди 8-10-кІэ нэхъ псынщІэу ЛъэтэІ ракетэхэр щІыным хуэкІуэнщ. Ар удын зэрырадз Іэмалыкфі дыдэщ. Апхуэдэ ракетэхэр яхуэхъэльагъуркъым идкыжрей радар Іэмэпсымэхэм. Ахэр зыубыдыфыну Іэщэхэр щІыкъым икІи зэгуэр щІэныи къыщІэкІынкъым.

НапІэзыпІэм уащхьуэдэмыщхъуэу...

США-м мы Іуэхум щІыхуаха программэ щхьэхуэр ягъэзащІэмэ, американхэм зы сыхьэтым хуэриубыдэу удын ирадзыфынущ дунейм и дэтхэнэ щІыпІэми. Абы хыхь эпроект хуэдыкІейр хуэгъэзащ щІыми, уэгуми, псыми къыщагъэсэбэп ракетэхэр щІыным.

«КъыдэбгъэрыкІуэ ракетэхэр къэтлъагъун икІи абыхэм дэ Іэщэхэр япэдгъэщын папщІэ дэ дакъикъипщІ зыбжанэ диІэщ, - жеІэ УФ-м ЗыхьэмэжыныгъэмкІэ и министерствэм и 4-нэ ЦНИИ-м и унафэщІу 2001 гъэр къэсыху лэжьа Дворкин Анатолий - «Трайдент» американ тенджыз стратегие ракетэр дэ дек дакъикъэ 15-20-кІэ, «Минитмен -3»-р - дакъикъэ 25-30-кІэ къэсынущ. А зэманыр дрикъунущ дапэувын папщІэ».

Ауэ макъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ ракетэхэм дэ апхуэдизэ зэман къыдатыркъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, ядернэ зэуэм псынщІэу щытекІуэну зыгуэрхэм гугъэ ящІынущ. Америкэм а мурадым хуабжьу щыдехьэх. США-м и Х-37 ягъэлъатэ Іэмэпсымэр зыбжанэрэ ягъэунэхуакІэщ.

Нэхъыфіэщіхэмрэ Іуэхум и щытыкІэмрэ

Арщхьэкіэ американхэр мы Іуэхум ехъулІэкъым езыхэм зэрагъэвум хуэдэу. США-р идкыжри пэжыжьэщ макъым нэхърэ хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ ракетэхэр щІыным.

2014 гъэм американхэм Аляскэм щыІэ Кодьяк полигоным щаутІыпщащ Х-43А ракетэр. Хуагъэфащэрт абы зы сыхьэтым километр мини 6,5-рэ хъу псынщІагъ къиштэну, хы Хуэмым хэт Кваджалейм мывэ къырым щагъэува нэщанэр икъутэну. Іэмэпсымэр секунди 7 фІэкІа нэхъ дэмыкІыу уэгум хисхьащ, дауи, мывэ къырым нэмысу.

Урысейм мы Іэнатіэм щилэжьхэм теухуауэ жаІэр мащІэ дыдэщ, ари щІэуфаеу. Псалъэм и хьэтыркІэ, нэгъабэ къухьэпІэ СМИ-хэм къытрадзащ макъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ Ю-71 Іэмэпсымэр ехъулІэныгъэкІэ зэрагъэунэхуар. Иужькіэ гаэтхэм ятхащ Урысейм 2020 - 2025 гъэхэм апхуэдэ Іэмэпсымэхэу 24-рэ Домбаровский къуаежм и гъунэгъу щигъэувыну и мураду.

Ар пэжу къушІэкІынущ: Оренбург областым хьыхь а къуажэм и гъунэгъу щыІэщ стратегие мыхьэнэ зиІэ ракетэдзэхэм я дивизэу зи Іэщэхэм Р-36 М2 ракетэ комплекс нэхъ лъэщ дыдэр («Воевода») зыхэтыр. Абы зэрихъэкІын хуейщ «Сармат» ракетэр.

ЛИТОВКИН Дмитрий.
«Комсомольская правда»

● США

Псалъэм фІэкІыркъым...

ИкІэм-икІэжым къэсащ дызыпІэпІащ: США-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Картер Эштон жиІащ Америкэм и Щтат Зэгуэтхэр зи пашэ коалицэм ИГИЛ-м (УФ-м хуит щамыщІ террорист зэгуэхьэныгъэщ) льэсырыкІуэдзэхэр япэщІигъэувэну зэримурадыр. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, 101-нэ хьэуа-десант дивизэм «а хьэкІэхъуэкІэ зэгуэхьэныгъэ зэхипІытІэнущ».

АУЭ дэ Штатхэм Сирием террористхэр щызэхэпІытІэным щыщІигъащ нэгъабэ и щыпэгъэми, нэгъаби. ИтІанэ ди гугъэр хэтхьжри Іуэхум хэдгъэхьащ ди Дзэ-космос къарухэр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, къыдгурыІуат: американхэм зэхапІытІэфынукъым езыхэм къэзыщІа хьэкІэкъуэкІэр.

КъуэхэпІэ коалицэм хэтхэр дыкъэшхьэрт: и кхъуэльатэ тІорысхэмрэ бомбэ «къемыдаІуэзэмрэкІэ» сыт Урысейм хузэфІэкІынур?

Арщхьэкіэ ди кхъуэльатэзехуэхэр Іуэхум гъуэзэджэу ехъулІащ, езы Асад и зауэлІхэри бийм ебгъэрыкІуэу хуеежащ. Апхуэдизу къыщыщІидзэм ИГИЛ-м щыщ терористхэр хьэжэпхъажэ хъащ. Мис итІанэ, коалицэм хэтхэм «зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкІуэкІмэ нэхъыфІу» щыжаІар.

Мис иджы «етІуанэ фронтыр» къыкъуэкІащ. Ущыгугъ хъуну террористхэм къару зэкъуэтхІэ дахэлъэщыхьыну? Ар хуабжьу фІэощщІыгъуейщ. Дивизэ псо «адрей Іуфэм» бгъэпэщІащ папщІэ сыт и лъэныкъуэкІи зыигъэхьэзырын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, зауэлІхэр щаІыгъыну къалэ цІыкІуэхэр зэтрамыухуэу хъунукъым. Ауэ апхуэдэ гуэри тлъагъуркъым. Хэбгъэзыхьмэ, США-м курдхэр террористхэм япэщІигъэувэну и мурадщ. ЩапэщІигъэувэнури Сириеркъым, атІэ Иракырщ, 101-нэ дивизэм и къарууэ хэтынур мащІэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, зауэм курдхэр хагъэхьэнурэ, езыхэр адэкІэ кхъуэум епГпынщ.

ТИМОШЕНКЭ Михаил.
«Комсомольская правда»

Напэкіуэщіи зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Іэуэлъауэр нэхъыбэщ

● Іуэлъхьэ

Иджыблагъэ КПРФ-м и фракцэм щыщ депутатхэу Обухов Сергейрэ Рашкин Валерийрэ Прокуратурэ Нэхъыщхьэм апхуэдэу Президентым и деж коррупцэм пэщІэтыныкмкІэ щыІэ Іуэхущіапіэм зыхуагъэзащ Примор крайм и губернатор Миклушевский Владимир зэхищІыхьэхэр къаупытэну ельэІуу - абы иджыблагъэ и ныбжьэгъуэр и гъусэу фадэ лъапІэ куэд зэрыт вертолётКІэ и нэгу зригъэужьащ. «Я щыкъу анэр ильагъун е хьэмэмыж кІуэн папщІэ» губернаторхэм техникэ хэха къагъэсэбэпу хуамыдэну къигъэуващ Обуховым. ИужьыІуэкІэ Миклушевскэм и ныбжьэгъуэ Іэпіэм жэуапу къыщратыжащ лэжьыгъэм емыхьэлІа Іуэхуэхмкіэ вертолёт къызэригъэсэбэпым текІуадэр губернаторым езым зэриты жьыр, зи гугъу ящІ зэманым абы и гъусахэм ящыща, крайм бгым щелэжьхэм я зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ Авершин Алексей тхъэ щІыуэжащ ахэр зэрыса вертолётыр езым ейуэ.

МИКЛУШЕВСКЭМ уэгум къыщыльэтхьыхьын зэрыфІэфІым куэд щыгъуазэщ. 2014 гъэм ди газетым итхащ кхъуэльатэзехуэхэр щагъэхьэзыр курсхэр доллар мин 30-м щІигъу щІиту губернаторым кхъэзриухар, щІыналъэм и бюджет ахъшэмкІэ вертолёт щІэрыСитІ, дэтхэмэм доллар мелуани 4,3-рэ хуэзэу, кхъэзрищхуар. Арщхьэкіэ парт лъэрызехьэхэмрэ комитет зэмылІэужьыгъуэхэмрэ коррупцэм и бий бэнэныгъэм зэхэгъэж хэльу зэрыбгъэдыхьэм гу лъыптэну гугъуэкьым.

Іулъхьэм мыгувэу икІи къамыгъэзэжыну кІэ зэрыратынум теухуауэ Путин Владимиррэ Медведев Дмитрийрэ жаІахэм къаджкІуэу Урысейм Коррупцэм пэщІэтыныкІэ и Іьэпкъ комитетым и сайтым ущрохьэлІэ къэрал властым ейхэр хэмыту Іулъхьэм я бий бэнэныгъэ езыгъэкІуэкІ зэгуэхьэныгъэхэу 25-м щІигъум. Абыхэм ящыщ язынныкъуэхэм езыхэм я сайтхэр яІэжщ, зэфІагъэкІа лэжьыгъэм кърикІуэхэр зэхалъхьэж. Дэтхэнэми Іуэхуэхмкіэ институтым и унафэщІ **Делягин Михаил**. - ЩІыхуэхэр зэрытракъуэз Іэмэпсымэ гъуэзджащ. Ар зыхуэбгъэгъуа къэралыр гуфІэнущ, ауэ иужькІэ егупсысынущ: хъарызнэщ, арщхьэкІэ дпэкІэ дэ а щІалэ хьэлэлхэм дахуеижьнукъым... Псалъэм и хьэтыркІэ, 2000 гъэхэм зи Іуэхуэхэр зэпэщ Вьетнамым щІыхуэхэр хуэдгъэгъуа иужь абы къитшыжьн хуей хъуащ Камрань щІыІэ дзэ базэр - ар зэрытІысым хуэзэр нэхъапэм телъ щІыхуэм процентКІэ хэкІырт, иджы ахъшэ Іэрылъхьэ ттын хуей хъуащ. Мы Іуэхум коррупцэ хуэмэбжьымэ хэмылъу пІэрэ? Ар щхьэтечу пхужьІэнукъым, ауэ къыгуэлпъэфу щІыхуэр хуэбгъэгъэнуи ну нэгу къыщІыхьэгъуейщ - Іэмал имыІэу фІыщІэ къыпэкІэнэ хуейщ. Си фІэщ хъурхъым Медведевым и правительствэм хэтхэр апхуэдизу делэу е хьэрэмыгъэнэщэ дыдэу. ЖысІэнщи, американхэм иужь дыдэу щІыхуэр 90 гъэхэм зыхуагъэгъуар Польшэрщэ, хуагъэгъуари и зэхуэдитІырщ. Пэжу, итІанэ нэгъуэщІхэр я гъуэсу щІыхуэхэр хуагъэгъуащ Африкэм и къэралхэ нэхъ къуейбсы дыдэхэм».

«Аргументы и факты».

● Къэкіуэнум и къалэ

Къэзан километр 40-кІэ пэжыжьэ Иннополис щІыпІэр Урысейм и картэм къызэрихутэрэ блэкІар мазилил къудейщ, ауэ ар щІэрыІуэ хъуащ. Абы щопсэу технологие лъагэхэм елэжь Іэщіагъэлізэр.

Іэщіагъэлізм щащІэн щыІэкъым

Алтайм кІуэным зы махуэ иІэжу ЕС-м и лЫкІуэу Урысейм щыІэ Ушаковым Вигаудас европей къулыкъущІэхэм УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іэхуэхэмкіэ и министрым драгъэкІуэкІа зэІущІиплІым хэтащ. Ауэ Горно-Алтайск лъэта иужь градус 20 хъу щІыІэм щІыбым къыдэнэ пэтащ, нэху къыщІекІын имыІэу. ЖьпІэнщи, Урысеймрэ Германиемрэ я зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я Іэщіагъэлізэу къэлъэтахэм я гъусэу.

ЗэІущІэм хэтхэм я ялэ гупыр мазаем и 11-м щІыпІэм нэсын хуеящ. Адрейхэр Барнаул икІынут. Ауэ а пІальэр къэсыным махуиплІ иІэжу Алтай краймкІэ «Ая» хъэщІэщ зыкъизыхьын хьэщІэхэр щІигъэтІысхьэн ядакъым. Вы мазэкІэ ипэ иту пэшхэм я гасэхэр Іаха пэтми. «Бжьамийхэр къэчащ, къатитІым псы щІэуащ», - щхьэусыгуэу ищІащ хъэщІэщыр зейм. «Арщхьэкіэ хьэзырт турист «къызэрыгъэкІхэр» щІигъэтІысхьэну», - къыджиІащ къызэрэпэщакІуэ гупым хэт Андрейчук Станислав.

ИкІэщІыпІэкІэ нэгъуэщІ къалэлъхъэн хуей хъуащ. Гъунэгъу щІыналъэм - Алтай Республикэм - щыІэ «Дыщэ пшахъуэхэр» турбазэм япэщІыкІэ и бжэ псори къахъэзыухащ. Ариншами, иджыпсту щІымахуэщи, и пэшхэр нэщІщ. «КъызэрэпэщакІуэ гупыр абы щІэтІысхьащ Іэщіагъэлізкр къэсыным зы махуэ иІэжу, - пещэ Андрейчук, - арщхьэкІэ турбазэм и унафэщІ щІыхубзым и деж зыгуэрхэр къэпсалъэу хуежьащ, зэІущІэм хэтхэр иримыгъэблэгъэну къыхуагъэуву». «Дэ тлъэгъуащ: дакъикъищ къэс къэпсалъэрт», - жеІэ Ржыковым.

Нэхъыфіэщіхэмрэ Іуэхум и щытыкІэмрэ

Арщхьэкіэ американхэр мы Іуэхум ехъулІэкъым езыхэм зэрагъэвум хуэдэу. США-р идкыжри пэжыжьэщ макъым нэхърэ хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ ракетэхэр щІынным.

2014 гъэм американхэм Аляскэм щыІэ Кодьяк полигоным щаутІыпщащ Х-43А ракетэр. Хуагъэфащэрт абы зы сыхьэтым километр мини 6,5-рэ хъу псынщІагъ къиштэну, хы Хуэмым хэт Кваджалейм мывэ къырым щагъэува нэщанэр икъутэну. Іэмэпсымэр секунди 7 фІэкІа нэхъ дэмыкІыу уэгум хисхьащ, дауи, мывэ къырым нэмысу.

Урысейм мы Іэнатіэм щилэжьхэм теухуауэ жаІэр мащІэ дыдэщ, ари щІэуфаеу. Псалъэм и хьэтыркІэ, нэгъабэ къухьэпІэ СМИ-хэм къытрадзащ макъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ Ю-71 Іэмэпсымэр ехъулІэныгъэкІэ зэрагъэунэхуар. Иужькіэ гаэтхэм ятхащ Урысейм 2020 - 2025 гъэхэм апхуэдэ Іэмэпсымэхэу 24-рэ Домбаровский къуаежм и гъунэгъу щигъэувыну и мураду.

Ар пэжу къушІэкІынущ: Оренбург областым хьыхь а къуажэм и гъунэгъу щІыІэщ стратегие мыхьэнэ зиІэ ракетэдзэхэм я дивизэу зи Іэщэхэм Р-36 М2 ракетэ комплекс нэхъ лъэщ дыдэр («Воевода») зыхэтыр. Абы зэрихъэкІын хуейщ «Сармат» ракетэр.

ЛИТОВКИН Дмитрий.
«Комсомольская правда»

● Іуэхущіапіэм и къалэ

Нэрылъагъукъым икІи Іэубыдыпіэнщэщ

2020 гъэм ирихьэлІэу Урысейм иІэнущ зыми пимыкІуэтыну Іэщэхэр

Зы секундым километрипщІхэр зэпызычыфыну Іэмэпсымэхэм удын ирадзыфынущ дунейм и сыт хуэдэ щІыпІэми. «Тактическое ракетное вооружение» концерным и унафэщІ Обносов Борис и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ди къэралыр гъунэгъу хуэхъуащ зы сыхьэтым километр 6150-м къыщыщІэдзауэ километр 12300-м нэс зыкІу ракетэхэр ищІыфыным.

ИДЖЫРЕЙ зэманым нэхъ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ макъым нэхърэ хуэди 8-10-кІэ нэхъ псынщІэу ЛъэтэІ ракетэхэр щІыным хуэкІуэнщ. Ар удын зэрырадз Іэмалыкфі дыдэщ. Апхуэдэ ракетэхэр яхуэхъэльагъуркъым идкыжрей радар Іэмэпсымэхэм. Ахэр зыубыдыфыну Іэщэхэр щІыкъым икІи зэгуэр щІэныи къыщІэкІынукъым.

НапІэзыпІэм уащхьуэдэмыщхъуэу...

США-м мы Іуэхум щІыхуаха программэ щхьэхуэр ягъэзащІэмэ, американхэм зы сыхьэтым къриубыдэу удын ирадзыфынущ дунейм и дэтхэнэ щІыпІэми. Абы хыхь эпроект хуэдыкІейр хуэгъэзащ щІыми, уэгуми, псыми къыщагъэсэбэп ракетэхэр щІыным.

«КъыдэбгъэрыкІуэ ракетэхэр къэтлъагъун икІи абыхэм дэ Іэщэхэр япэдгъэщын папщІэ дэ дакъикъипщІ зыбжанэ диІэщ, - жеІэ УФ-м ЗыхьэмэжыныгъэмкІэ и министерствэм и 4-нэ ЦНИИ-м и унафэщІу 2001 гъэр къэсыху лэжьа Дворкин Анатолий - «Трайдент» американ тенджыз стратегие ракетэр дэ дек дакъикъэ 15-20-кІэ, «Минитмен -3»-р - дакъикъэ 25-30-кІэ къэсынущ. А зэманыр дрикъунущ дапэувын папщІэ».

Ауэ макъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ ракетэхэм дэ апхуэдизэ зэман къыдатыркъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, ядернэ зэуэм псынщІэу щытекІуэну зыгуэрхэм гугъэ ящІынущ. Америкэм а мурадым хуабжьу щыдехьэх. США-м и Х-37 ягъэлъатэ Іэмэпсымэр зыбжанэрэ ягъэунэхуакІэщ.

Нэхъыфіэщіхэмрэ Іуэхум и щытыкІэмрэ

Арщхьэкіэ американхэр мы Іуэхум ехъулІэкъым езыхэм зэрагъэвум хуэдэу. США-р идкыжри пэжыжьэщ макъым нэхърэ хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ ракетэхэр щІынным.

2014 гъэм американхэм Аляскэм щыІэ Кодьяк полигоным щаутІыпщащ Х-43А ракетэр. Хуагъэфащэрт абы зы сыхьэтым километр мини 6,5-рэ хъу псынщІагъ къиштэну, хы Хуэмым хэт Кваджалейм мывэ къырым щагъэува нэщанэр икъутэну. Іэмэпсымэр секунди 7 фІэкІа нэхъ дэмыкІыу уэгум хисхьащ, дауи, мывэ къырым нэмысу.

Урысейм мы Іэнатіэм щилэжьхэм теухуауэ жаІэр мащІэ дыдэщ, ари щІэуфаеу. Псалъэм и хьэтыркІэ, нэгъабэ къухьэпІэ СМИ-хэм къытрадзащ макъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ Ю-71 Іэмэпсымэр ехъулІэныгъэкІэ зэрагъэунэхуар. Иужькіэ гаэтхэм ятхащ Урысейм 2020 - 2025 гъэхэм апхуэдэ Іэмэпсымэхэу 24-рэ Домбаровский къуаежм и гъунэгъу щигъэувыну и мураду.

Ар пэжу къушІэкІынущ: Оренбург областым хьыхь а къуажэм и гъунэгъу щІыІэщ стратегие мыхьэнэ зиІэ ракетэдзэхэм я дивизэу зи Іэщэхэм Р-36 М2 ракетэ комплекс нэхъ лъэщ дыдэр («Воевода») зыхэтыр. Абы зэрихъэкІын хуейщ «Сармат» ракетэр.

ЛИТОВКИН Дмитрий.
«Комсомольская правда»

● ДифI догъэлъапIэ

Зэманым ижь зыщIихуа сурэтхэр

КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Сурэтыщ1хэм я урысей академием, СССР-м, КъБР-м, Сочэ къалэм я сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, Сурэтыщ1хэм я дунейпсо федерацэм хэт Акъсырэ МуIэед Алий и къуэр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

ЯПIЭ АДЫГЭ профессиональнэ сурэтыщI Акъсырэ МуIэед Псыгуэнсу къуажэм 1931 гъэм къыщалъхуащ. Сурэт щIыныкIэ абы зэфIэкI инхэр зэрыбгъэдэлъыр пасэу республикэм исхэм къалъытащ. 1947 гъэм ирихьатIэу ар къэралым и ерджанIэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым - Саратов къалэм дэт художественнэ училищэм - еджакIуэ ягъэкIуащ. Ар ехьулIэныгъэкIэ къиухри, къигъэзэжащ. 1981-1984 гъэхэм КъБАССР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу лэжьащ, 1968, 1981, 1982, 1983 гъэхэм Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм, СССР-мрэ РСФСР-мрэ я творческэ союзхэмрэ Iэхэущ1анIэхэмрэ я правленэхэм я пленумым я союзпсо съездхэм я лIыкIуэу щытащ.

Сурэтыщ1ым и лэжьыгъэм щIэупщIэ ин яIэщ. Ахэр щахьумэ Налшык, Ставрополь щыIэ художественнэ музейхэм я фондхэм. КъищынэмыщIауэ, Урысейм и щIыналъэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэу цIыху щхьэхуэхэми абы и сурэтхэр зэхуахьэс. Акъсырэ МуIэед и лэжьыгъэхэм апхуэдэ щIэупщIэ щIалэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ зыIэригъэхьа щIэныгъэм зэпымыуэу зэрыхигъэхъуэным зэрыхущIэкъуар, къигъэсэбэп Iэмалхэм зэрызригъэужьар.

1952 гъэм щыщIэдзауэ Акъсырэ МуIэед жыджэру хэтащ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм, Москва, Ленинград къалэхэм (1957, 1983, 1995 гъэхэм) щекIуэкIа декадэ выставкэхэм. 60 гъэхэм къыщыщIэдзауэ 90 гъэхэм пщIондэ КъБР-м и сурэтыщIхэм я гъэлъэгъуэныгъэу Мэхъэчкъалэ, Грознэ, Дон Iус Ростов, Винницэ, Краснодар, Орджоникидзе, Ставрополь къалэхэм къыщызэрагъэпэща выставкэхэм Акъсырэм и лэжьыгъэхэр утыку къыщрахьащ. Налшык, Москва, Ставрополь, Пятигорск къалэхэм, нэгъуэщI щIыналъэхэми и щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэр зыбжанэрэ щекIуэкIащ. А псом къыдэкIуэу абы и сурэтхэр Иорданием, Сирием къыщызрагъэпэща дунейпсо выставкэхэм щагъэлъэгъуащ.

Зи адэ-анэр пасэу зыщIэкIуэда, сабиигуэ дыдж зиIа Акъсырэр пасэу есат гъащIэм и гугъуехьхэр къызэринкIыфу. Абы и сурэтхэм, портретхэм, натюрморт хэм къыщигъэльэгъуэжащ и нэгу щIэкIа Хэку зауэшхуэ лъэхъэнэм хилъагъукIа гугъуехьхэр, гуэзвэгъуэхэр. А лэжьыгъэхэр художникым и гъащIэм и гуфIэжь щIэхуэр зыхэпсэукIа зэманым ижь къызэрыщIихуарщ. Аращ Акъсырэм и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэр нэгъуэщIхэм я лэжьыгъэхэм щIыхэмыгъуащэр. Апхуэдэу бгы уардэхэр, сэхуран гъэгъахэр, дыгъэ бзийхэр зытеджэгъуэ щIыпэпсыр, гъэм и зэманхэм я теплъэ дахэхэр, натюрморт хэр, уда гъэгъахэр, бзыльхугъэхэм я сурэтхэр, республикэм и теплъэхэр къызэрыщ и сурэт щхьэжкIэплъыкIэхэр удэзыхьэщ, узыгъэупсысэщ. Абыхэм щыбольагъу и Хэкум, щIыupсым хуиIэ лъагъуныгъэ иныр.

- Сэ щIыупсыр фIыуэ солъагъу. Аращ си лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытеджэхуэрэр, - жеIэ МуIэед.

Акъсырэм республикэм и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэр къалъытащ. 2001 гъэм ар КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат хъуащ.

Сурэтыщ1 Iаззэм и Iэщ1агъэм ехьулIэныгъэрэ зэфIэкIрэ къагъэльагъуэ пащащ и къуэ Михаилрэ и къуэрыльхэу Тамарэрэ. Я адэм, адэшхуэм хуэдэу, ахэр жанр, техникэ зэмылIэужьыгъуэхэм щолажь. Михаил республикэ, урысейпсо, дунейпсо гъэльэгъуэныгъэхэм зыбжанэрэ хэтащ, и лэжьыгъэхэр Москва, Санкт-Петербург, Дон Iус Ростов къалэхэм, Инджылызым, Германием, нэгъуэщI щIыпIэхэм щагъэльэгъуащ. И адэм хуэфащэ къуэ Михаил къызэрищIыкIам и щыхьэтщ КъБР-м гъуэзджэмрэ щэнхабзэмкIэ и къэрал саугъэтым, «Искусство народов мира» дунейпсо саугъэтым я лауреат зэрыхъуар. Апхуэдэ ехьулIэныгъэхэр куэд мэхъу.

Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр гъуэзджэм, дахагъэм зэрызэрищIалIэм и щхьэхэтщ Тамарэ и адэ Михаилрэ зыщыщ лъэпкъкIэ нэмыщI и анэ Викториерэ. Тамарэ и адэ-анэри, и адэшхуэ МуIэедри и Iэщ1агъэкIэ зэрысурэтыщIым къыдэкIуэу, и адэшхуэ Бюлл Лев (и анэмкIэ) Ставрополь къалэм и музей-заповедникым и сурэтыщI-реставраторт. ЗэрыщIыкIуэрэ къызэрыщхэр щIэх-щIэхьыуэ цIыхухэм я пащхьэ илъхьэн, щIэблэм егъэцIыхун уеейц. Ахэр щыхьэт тохъуэ ди щIыналъэр зэрыдахэм, абы щыпсэуэкр зэрыгуащIафIэм, зэрыуэнышэм, нобэрей зэманым зэпрэдэжьым. ЗэрыжаIэу, лIэужьыф бжьублкIэ мауэ. Хэт ищIэрэ, МуIэед и Iэщ1агъэм къыпызыщэну, и лъэужьым ирикIуэну сурэтыщIхэр иджыри Акъсырэхэ я лъэпкъым къыхэкIынкIэ хъунщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Акъсырэ МуIэед

Акъсырэ МуIэед и сурэтхэм гъащIэм и теплъэ куэд къызэщIаубыдэ.

Адыгэ щIалэр псоми йофIэкI

● Хъыбар гуапэ

Адыгэ Республикэм хыхьэ Куэшхьэблэ къуажэм щыщ Етлъэш Бислъэн Японием щрагъэкIуэкI Pancrase ММА-м зэпеуэм текIуэныгъэшхуэ къыщихьащ. Зэзауэ зэхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ ар дуней псом къыщалъытэ турнирхэм ящыщщ.

Етлъэш Бислъэн текIуэныгъэр егъэлъапIэ.

ЯПОНИЕМ утыку къыщохьэ мы лIэужьыгъуэмкIэ спортсмен нэхъ лъэрызехьэхэр. Абы Урысейм и спортсменищым я зэфIэкIым щеплъыжащ. Японием, Мексикэм, Бразилием щыщу хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуахэр ефIэкIыныгъэшхуэр иIэу Етлъэшым хигъэщIащ. ЗэлуцIым и кIэухым ар текIуащ япон спортсмен Такаги Кентэ.

Такаги езыр зэуэкIэ щхьэхуэ зиIэж цIыху зэпIэзэрытщ. Ар егъэлеяуэ хьэрхуэрэгъу лъэрызехьэщ. Къиха текIуэныгъэ 14-м ящыщу 13-р нокауткIэ зыIэригъэхьащ. Ар щыуэкIи, и Iэм къару удын лъэщ едз. Бислъэн зэрыжиIамкIэ, хабзэ зэхэм тегъэ, зэрызихьумэжьынум яужь иту утыку къиухащ. ИкIи абы щыуагъэ Iэщ1экIынкIэ Iэмали зимыIэт. Япэ Iыхьэр иухыу етIуанэм щIидза иужькIэщ ди щIалэм и къарур щызэпиIытащ. Абы иригъэжьащ щыщхьэмыгъаззэу ебгъэрыкIуэну. Нэрылъагъу хъуащ и хьэрхуэрэгър адыгэ щIалэм къызэрыпэмыльэщынур.

Апхуэдэ хэгъэщIэныгъэр японхэм хьэлъэу зыхащIащ. ФIэщщIыгъуейщ ди лъэпкъэгъуэм зыIэригъэхьа ехьулIэныгъэм ахэр арэзы техъуэну. Бислъэн иджыпсту поплъэ Японием щыщ Такаги Кентэ иджыри зэ утыкум щыхуэзэжкIыну.

НАФIЭДЭ Мухьэмэд.

ЩIалэгъуалэм я гур ирахыпакъым

● Футбол

Краснодар крайм хыхьэ Крымск къалэм и «Гигант» спорткомплексым етIуанэ зыгъэсэгъуэр «Спартак-Налшыкым» щиухащ. Къежьэжыным и пэ къихуэу, мазаем и 20-м, ди футболистхэм зэныбжьэгъуитI зэлуцIэ драгъэкIуэкIащ Екатеринбург и «Урал»-м и щIалэгъуалэ гупым.

ЩIымахуэ зыгъэпсэхугъуэ ябгъхьым иужькIэ кIуэ пэтми зи къарур нэхъ зэрыгъэтыж «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм гугъуехь лъэпкъ дашэчакъым мы гъэм ещанэу ирагъэкIуэкIа зэныбжьэгъугъэ зэIуцIэм къащыпэщIэтахэми. Джэгум и япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ ди щIалэхэм щхьэкъэIэтыпIэ иратакъым Екатеринбург и «Урал»-м и щIалэгъуалэм.

ЗэIуцIэм щIидза къудейуэ арат Гугуев Магомед бжьыгъэ къыщыхьэIуихам. Загъэпсэхуну имыкI щIыкIэ Багъэтыр Альберт етIуанэ топри я хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIащ.

Семёнов Владислав 49-нэ дакъикъхэм ещанэу къыщыхэжаныкIам гурыIуэгъуэ хъуащ «Урал»-м и щIалэгъуалэм я лъэр зэрыщIэхуар. Налшыкдэсхэм абыхэм я гур ирахыпакъым икIи абдежым къыщыуцIащ. КIэух бжьыгъэр 3:0-щ.

«Спартак-Налшыкым» хэту екатеринбургдэсхэм ядэджэгун къыщIадзащ Антиповым, Тебэрдым, Дашаевым, Мурачевым, Кузнецовым, Акриевым, Гъурфым, Дроздовым, Каркаевым, Багъэтырым, Гугуевым. ИужькIэ абыхэм ящыщ зыбжанэ яхъуэжащ Къардэным, Соблырым, Семёновым, Дзыхьмыщ1ым, Балъкъэрым, Бажэм, Албеговым, Лелюкаевым.

Псори зэхэту и ужьрей зыгъэсэгъуэм «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэIуцIищ иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщу тIум Новороссийск и «Черноморец»-мрэ Екатеринбург и «Урал»-м и щIалэгъуалэ гупымрэ щыхагъэщIащ, зым Новгород Ищхьэрэм и «Волга»-м щызэрытемыгъэкIуэу щызэбгъэдэкIыжащ. Ди щIалэхэм я хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм топиплI дагъэкIащ, езыхэм зыри къыхудагъэкIыфакъым. Апхуэдэу мазэ дэкIмэ щIэзыдзащ зэхьэзэхуэм хэтамэ фIы дыдэт.

Ди футболистхэм махуэ зыщыплIкIэ загъэпсэхунурэ, къыкIэлъыкIуэ зыгъэсэгъуэ лъэхъэнэм щIадзэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м и прокуратурэм

Административнэ Iуэхухэр къызэIуах

Урысей Федерацэм и цIыхухэм зэрызыхуагъаззэм зэрыхэплъэ щIыкIэм теухуа законодательствэр Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и къуажэ администрацэхэм зэрагъэзащIэр щIыпIэ прокуратурэм къипщытащ.

КъЫЗЭРАХУТАМКIЭ, «УФ-м и цIыхухэм я тхылъхэм зэрызэхпльэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2006 гъэм накъыгъэм и 2-м къащта Федеральнэ закон № 59-м къызэригъэувым тету, хабзэкIэ ягъэува махуэ 30 пIалъэм къриубыдэу цIыхухэм зэрызыхуагъаззэм кубуажэ администрацэхэм щыхэплъэрэкым, тхыгъэр зейхэм жэуап щратыжыркым.

Къэпщытэныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, УФ-м и КоАП-м и 5.59-нэ статьямкIэ, Тэрч щIыналъэ прокуратурэм районым и кубуажэ администрацэхэм я лжьакIуэхэм яхуэзгъэзащэ административнэ Iуэху пщыкIущ къызэIуихащ (цIыхухэм я тхылъхэм зэрызэхпльэ хабзэр къызэрызэпаудам щхьэкIэ).

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Мэзым къыщигъуэтат

Май куейм щыIэ Октябрьскэ къуажэм щыпсэу цIыхухэм полицэм иритащ ихьумэ щакIуэ фочыр. Абы зэрыжиIамкIэ, Iэщэр къуажэм и гъунэгъу мэзым къыщигъуэтащ.

Iэщэм теухуауэ ящIыпхъэ экспертизэр зэфIэкIмэ, фочым пэкIуэ ахьышэр кратынущ.

Нэхъапэми къыщIэхуат

Урысей МВД-м Шэджэм щыналъэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ нэхъапэм щэнейрэ суд зытращIыхьауэ щыта налшыкдэсыр.

Полицейхэм зэрызыгъэфащэмкIэ, цIыхухъур Звездный жылагъуэм щыпсэу цIыхубзым и унэм щыIыхэри, сом мин 25-рэ и уасэ дыщэ Iэпъын кIидыгъуащ.

Уголовнэ Iуэху кIаIэтащ.

И мащIэри и куэдри зэхуэдэщ

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ щыналъэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм Сэрмакъ къуажэм щыпсэуми и унэр къыщащым, щIэпымэ къызыхих гуэр зэрылъ пакет къагъэтащ.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, ар грамми 106,7-рэ хьу марихуанэ наркотикхэкIщ.

Уголовнэ Iуэху кIаIэтащ.

Сабийхэр къигъапцIэурэ

Гъубж кIуам, мазаем и 16-м, Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм зыхуагъэзащ щIыпIэм щыщ цIыхубзитIым. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, илъэси 8, 13 зи ныбжь я сабийхэм жып телефонхэр Бахъсэн къалэм гъэпцIагъэкIэ щалэщигъэкIащ щIалэщIэ ямыцIыхум.

ЩIэпэхьаджагъэр илэжьауэ шэч зыхуащIар яубыдащ. Ар Исльэмей къуажэм щыщщ.

ЩIалэщIэм зиумысыжащ, идыгъуа телефонхэр зейхэм къаритыжащ.

Жыжьэ ущIэкIуэнур сыт?

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ куеймкIэ и къудамэм зыхуигъэзащ малкэдэсым. Щхьэусыгъуэрэкъуажэгбгъум щыхъуакIуэ и Iэщыр зэрадыгъуарщ.

ЩIэпхьаджагъэр илэжьауэ зыхуагъэфащэр яубыдащ. Аращ и къуажэгъум едыгъужар.

Уголовнэ Iуэху кIаIэтащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

IэмалышщIэхэр къагъэсэбэп

● Зэпеуэхэр

КъБКъУ-м иджыблагъэ щекIуэкIащ Кейс-Рум «Грани» фIэщыгъэр зиIэ щIыналъэпсо чемпионатым и щIыпIэ Iыхьэр. Егъэджэныгъэр адэкIи езыгъэфIакIуэ а Iэмалым мы зэманым ешщIауэ зыщеужь Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ университетым Правэмкlэ, экономикэмрэ финансхэмкlэ и институтым (ИПЭИФ) и студентхэр зыхэт гупибл: «Мэр в квадрате», «Фортуна», «Профи», «Альтернатива», «Домино», «Прогресс», «Перфект». Къыхэдгъэщынци, кейс методикэр ар ерджэнкIэ къауха нэужь, Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэр лэжьаIпIэ Iэнатlэм щызрихьэлIэнкIэ хъуну щытыкIэ къызэрымыкIуэхэм хэкIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхуагъэтыфу езыгъаесэ Iэмалщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ мы зэманым щэщIауэ къыщагъэсэбэп ерджанIэ нэхъыщхьэ куэдым.

Зи гугъу тщIы зэпеуэм хэта студентхэм Интернеткlэ ипэкIэ хуагъэхьащ зрагъэгъуэт Iэщ1агъэмкlэ зыщылажьэкIэ хъуну Iэнатlэм епхуэу щытыфыну Iуэхугъуэ къиинхэр щызэхъэхьасауэ зэрыт тхылъхэр. Студентхэр я закъуэуи гупуи елэжьащ къыхуагъэува къалэнхэр зэфIэхыным икIи хэкIыпIэу ялъагъу псори зэпеуэм и утыкум къыщагъэнэIуащ.

Зэхьэзэхуэм хэтхэм я зэфIэкIым кIэлъыплIащ ИПЭИФ-м бухучётымкIэ, анализымрэ аудитымкIэ и кафедрэм и унафэщI Шыд Андемыркъан, институтым и профессорхэр, доцентхэр. Дзэтхэнэ гупым и лэжьыгъэри къызэхуэтынщэу къапщыта нэужь, абыхэм нэхъыфIхэр къыхагъэбелджылыкIащ. Япэ увыпIэр къихьащ Нагъуей Данэ зи пашэ «Прогресс» гупым. ЕтIуанэ хъуащ Гадиевэ Танзиля зи унафэщI «Перфект»-р, ещанэр - Бузд Заремэ и «Профи+» гупырщ.

ЩIыпIэ зэпеуэхэм щытекIуаэр щызэхьэзэхуэнущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ университетым 2016 гъэм и накъыгъэ мазэм щекIуэкIыну Кейс-Рум «Грани» щIыналъэпсо чемпионатым и кIэух зэхьэхэм.

КъАРДЭН Маритэ.



Зэпеуэм и къэпщытакIуэхэр.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖЬэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кубуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ядолжэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Сонэ, редактору Щхьэщэмыщ1 Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ (1, 2, 4-нэ нап.), ПхытIыкI Аэмэт (3, 5, 6-нэ нап.). Компьютерк1э газетым и тепл1эр ящ1ащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхъэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №243